ФИФI ФЫМЫГЪОПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪОПЩКIУ

АДЫГЕ ХЕКIУАТЕ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№221 (21.629) ● 2009 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 24, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

2009 гъэм щэкIуэгъуэм и 27-р зыгъэпсэхугъуэ махуэу гъэувыным и Iуэхуки Iэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Муслымэнхэм я Iуэхущ Iапl эм къыз эрыхильхьам тету, Къурмэн махуэш хуэм ирихьэлIэу **унафэ сощI:**

1. 2009 гъэм щэкIуэгъуэм и 27-р Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зыгъэпсэхугъуэ махуэу щыгъэувын.

2. Мы Указым къару егъуэт официальнэу къыщытраг дза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм щэкIуэгъуэм и 23-м
№189-УП

● Президент

КЪАНОКЪУЭ Арсен: «Зыуэ щыт Урысейм» жэуаплыныгъэр и пщэм делъхьэж

«Къэралым щыпсэуэхэм я нэхъыбэр зыкъуэва «Зыуэ щыт Урысей» парт пашэм мы зэманым и пщэ къыдоухуэ жэуаплыныгъэ ин. Урысейм и къару пашэхэм я пащхьэм къиуваш экономикэм и мызакъуэу, зэрыщыту жылагъуэм я ухуэкIэр регъэфIэкIуэным теухуа кьалэн ин дыдэр. Лъэпощхьапэхэр куэдщ, ауэ ипэжыпIэкIэ политикэ къару нэхъ ин «Зыуэ щыт Урысей» партым лъэкIынущ хэкIыпIэ, Iэмал псори а кьалэныр гъэзэщIэным хуэзыгIэгъуэ Iуэн. ЕфIэкIуэныгъэм ухуэкIуэфынукъым жылагъуэ псом кьыдимыIыгъыу икIи ар абы хуэзэунэтIын хуейр хэхакIуэхэм Iэ зыхуаIэта унафэщI партырц», - апхуэдэу кьелъытэ КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен, партым и XI зэхьокIэ Санкт-Петербург щекIуэкIам и лэжьыгъэм хэтам.

Къанокъуэ Арсен зэрыжиIамкIэ, партым и уставым халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэр (хэхыныгъэхэм яп къихуэу зэдауэхэм фIэкIыпIэ имыIэу хэтыныр, «праймериз» егъэкIуэкIыныр) я лъабжьэщефIэкIуэныгъэм. «Апхуэдэ кьалэн инхэр зыхуэзыгъуэвыж партыр езыр мы зэманым екIуу, демократиер и кущIэу, жылагъуэм сыт и лъэныкъуэкIи хуэзIухуэу щытын хуейщ, арщ зэхьуэкIыныгъэхэр зытещIыхьари», - къыхигъэщхьэхукIащ КЪБР-м и Президентым.

Къанокъуэ Арсен аргуэру хагъэхьащ партым и Совет нэхъыщхьэу «Зыуэ щыт Урысейм» и зэхуэсым щIэрыщIэу щыхахыжам.

КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапl э.

КЪБР-м и Iэтащхьэр «Спартак-Налшыкым» йохъуэхъу

КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен «Спартак-Налшык» футболист клубым и абы кьыдэщIхэмрэ ехьуэхьауш Урысейм футболымкIэ и чемпионатым и 29-нэ дкэгъуэуэм Москва кьалэм щыIэу «Москва» командэм бжьыгъэр 2:0-у зэрытекIуамкIэ. А щыкIэм тету, ди футболистхэм очко 32-рэ яIэ хуэду икIи чемпионатыр иухыным зы джэгуг ъуэ иIэжу премьер-лигэм кьыхэнэжащ. IекIуэныгъэр кьыштхуэзыхьа топхэр я хьэрэуэгъуэхэм я гъуэм дагъэкIащ Сирадзе Давидрэ (25-нэ дакъикьэм), Асильдаров Щамилрэ (52-нэ дакъикьэм).

КОНАКОВ Хьэсэн.

● Тек Iуэныгъэ Иныр илъэс 65-рэ щрикъум ирихьэлIэу

«КъэкIуэж, дэ уэ фIыуэ удолъагъу икIи дыппоплъэ!»

Дыгъэгъаэзм и 1-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм и щIалэгъуалэр зыхьэщущ «Сэлэт бэлътоку цIыкIу» урысейпсо Iуэхуу 2010 гъэм мэлыжьыхьым и 1 пщIондэ екIуэкIынум.

«СЭЛЭТ бэлътоку цIыкIур» я дамыгъэщ зауэ шынагъуэм и зэманым ди цIыхубэм зэриухьа лIыгъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ. Ар хуэгъэзащ сэлэт бэлътоку щыкIуэр зэхуэхьэсыным. Ахэр мащIэкъым - щыIэжьым блэкIа лIэщIыгъуэм и 40 гъэкIэм фронтым цIыхухьу зымыгъэкIуэ унагъуэ.

Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм цIыхубзхэм сэлэтхэм хуэзIуащэрт цым кьыхэущIыкIа Iэлъэхэр, лъэпэдхэр, хуадырт щыгъынхэр. Ахэр фронтым ирагъэхьт «КъэкIуэжI, дэ уэ фIыуэ удолъагъу икIи дыппоплъэ!» псалъэхэр зытетха ашык цIыкIуэрэм дэлъу. Хьыджэбз мыщIыхуэм хуигъэхьа бэлътоку цIыкIур зауэр иуухыху сэлэтым щIыгъ щIыIэт.

Iуэхур кьыззэшIэгъэпэщащхэм фронтым щIыIэхэр ягу щIулъ дэтхэнэ унагъуэмэ хуагъэлъагъуэ и кIыхьаГъымкIи и бгъуэгъымкIи сантиметр 38-рэ зи инагъ бэлътоку хужь кьыззэрыгуэкI ядыну икIи абы зауэлIым и унэцIэр, и цIэр, и званиер, щIэзыуэ щIыпIэр хадыкIыну. Абы кьыдэкIуэу, тхьылымпIэ напэм щхьэхуэу иратхэ хъунущ Хэкум и хъуэхуэм и зауэ гъэгъуэр, абы и гукъэкIыжхэр. А тхылъымпIэм сурэтхэр щIагъу хъунущ. Сэлэт бэлътоку цIыкIуэхэм кьыхащIыкIынущ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 65-рэ щрикъур щагъэльапIэну махуэм - 2010 гъэм накъыгъэм и 9-м - щIалэгъуалэм Налшык и уэрамхэмкIэ пхырахыу «ЩIыхьым и мафIэ мыужьыхьым» деж яхьыну щэкIышхуэр. ИужькIэ а щIэкIр игъащIэкIэ щащхъумэн папщIэ Хэку зауэшхуэм и музейуэ Москва дэтым щIалъхьэнущ, тхыгъэхэмрэ сурэтхэмрэ лъабжьэ хуэхъунущ «Сэлэт бэлътоку цIыкIум иIуэтэжар» тхылъым.

«Сэлэт бэлътоку цIыкIу» Iуэхум и кьыззэгъэпэщакIуэщ Налшык щалэгъуалэ ад-министрацэм щIалэгъуалэмрэ жылагъуэ зэгъэзэныгъэхэмрэ я IуэхухэмкIэ и къудамэр.

НэгъуэщI хъыбархэр фщIэну фыхуеймэ, дыныволъэIу мыпхуэдэ телефонхэмкIэ фыкъэпсэлъэну:

42-27-68, 47-46-96.

ГъащIэм хэпща мэхъу

ЩэкIуэгъуэм и 19 - 20-хэм Налшык къалэ щекIуэкIащ хьэрычэтыщIэ ныбжьыщIэхэм къыпэщылъ гугъуехьхэр щызэпкърах щыпатэ конференц. Ар къызэрагъэпэщащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Хъыбарегъащ Iэ Iнатlэхэмкlэ, жылагъуэ зэгухьаныгъэхэм ядэлэжьынымрэ, щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министрствэмрэ ЮНИСЕФ-мрэ.

ЗЭIущIэм хэтащ ООН ЮНИСЕФ-м и Сабий фондым щIалэгъуалэ программэмкIэ и унафэщI **Айларовэ Андз,** КъБР-м ыкIи барегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ, жылагъуэ зэгухьаныгъэхэм ядэлэжьнымрэ, щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министр **Пащты Борис**, а министерствэм и департаментым и унафэщI **КIурашин Аизор,** Ингуш Республикэм щIалэгъуалэ Iуэхухэмкlэ и къэралкомитетым и тхьэмадэ **Бузуртраков Идрис,** Осетие Ищхьэрэ - Аланием, Ингуш, Шэшэн, Дагъыстан, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм я къэрыч ъэтыщIэ ныбжьыщIэхэр.

Пащты Борис зэIущIэр къызэIуихри, къызэхуэсахэм фIыщIэ яхунщIащ щIалэгъуалэм я дежкIэ щхьэпэ конференцым хэтыну къызэрелэтрамкIэ икIи адэкIэ я гъэныгъэм къащIыхуэсэбэпын, ар екIуэлIэныгъэ зэрыщытыр къыхигъэщащ. Адэкlэ ар тепсэлъхьащ ди республикэм и къэрычэтыщIэ щIалэгъуалэм къыхальхьа проектыр зыбжанэ гъащIэм хэпща зэрыхъуам, нобэ абыхэм я Iуэху зытетым.

- Си гугъэмкIэ, хьэрычэтыщIэ Iуэхум хьэ дэтхэнэри, ар щыпсэу хэгъуэгъуэ емылытауэ, зыIуэ гугъуехьэр зэхуэдэщ, - жиIащ Пащты. - Абы кьыхэкIыу ди Iуэху епlтыкIэхэр кьадгъэльагъуэкIэрэ, хэкIыпIэ тэмэмхэр кьадгъэнэхуэн хуейщ. Нобэрей ди щIалэгъуалэм я нэхъыбэм гугъу зрамыгъэхьу псори зрагъэхъулIэну хуейщ. Псоми зэрытщIэщи, лэжьыгъэм ушIэну екIуэлIэныгъэр зэпытыгъэкIар абы хуиIэ бгъэдыхьэкIэрэщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, екIуэлIэныгъэм ухуэзышIэр лэжьыгъэ гъуэгурауэ зэрыщытыр цIыху куэдым кьагурыIуэркъым.

КьыкIэтыкIуэу Айларовэ Андз тепсэлъыхьащ ЮНИСЕФ-р Кавказ Ищхьэрэм зэрыщылажьэм, 1999 гъэ лъандэрэ щIалэгъуалэм я Iуэхур дгъэзекIыныкIэ проект зыбжанэ зэрызэхалъхьам, ахэр гъэзэщIа зэрыхъум.

Ингуш Республикэм и щIалэгъуалэм я псэукIэм, щIыналъэ унафэщIхэм кьыхуащI гупЫытэм, абыхэм я Iуэхуэхэр дзэгъэныкIэ кьащтэ унафэхэр зыхуэдэм я гугъу ищIащ Бузуртаров Идрис. Апхуэдэуи абы кьыхигъащащ нобэрей зэIущIэм хуэдэхэр щIэх-щIэхьыуэ егъэкIуэкIыпхъэу, ГЪЭныгъэ и пIалъэкIэ зэхъуэжьэныкIэ ар Iэмалыфhу зэрыщытыр.

ЗэIущIэм хэта хьэрычэтыщIэ ныбжьыщIэхэм я проектхэр утыку кьрахьащ, ахэр гъэзэщIа хъунымкIэ щIэ хэкIыпIэхэр кьагъэльагъуащ. ХьэщIэхэм республикэм и бизнес инкубаторыр ирагъэльагъащ, ди щIыналъэм и хьэрычэтыщIэхэм яхуэзащ.

щIхьэщэмыщI Иэз.

Гъэзэгъ захуэм тету зеужь

АБХЪАЗ. *Белоруссием и парламентым и лыкIуэхэр пажьыдзагъэ республикэм щыIащ икIи абыхэм кьыззрагъэльагъэмкIэ, Абхъазым и экономикэм хъэрычэтыщIэхэр кьепшэну, абы зеГъэзэжьын папщIэ Iэмалхэр псори щыIэщ.*

- АБХЪАЗЫМ щыIэщ Белоруссием и хьэрычэтыщIэхэр кьызыхэпшэхьун Iэнатlэхэр. Къэралитlыр зэрызэдэлажьэным, зэрызэдэIэпыкъуным яужь итын хуейщ. Икъуэдэ дигу дыхьащ республикэм и автомобиль гъэзэгу системэр зэрыдзэтеубгъэр, уэрамхэр зэрыкьабзэр. Щыхъ дызыхуэзахэм, дыхьэпсэльхьэм я нэгум кьощ ахэр щIыналъэм щыщIэ щытыкIэмкIэ, я псэукIэмкIэ зэрыарэзыр. Ар куэд и уасэщ. Дэнэ щIыпIэкIи щыбольагъу Абхъазыр хуэм-хуэмурэ зэрызэтеувэжьыр, гъэзгу захуэ зэрытетыр. КIэщIу жыпIэмэ, тлъэгъуахэмкIэ дыарэзыщ, - жиIащ Белоруссием и парламентым и комитетым и унафэщI Русый Михаил Абхъазым и министр Шамбэ Сергей щыIущIам щыгъуэ.

Апсным ирашым щIэупщIэ иIэщ

Республикэм и президентым и пресс-Iуэхущ Iапl эм къызэриттамкIэ, иужьрей мазэрэ ныкъуэм кьрихьыжьу Абхъазым ныкъуэ Урысей Федерацэм яшащ мандарин тонн 1255-рэ, хьурмэуз тонн 1317-рэ.

РЕСПУБЛИКЭМ мэкъумэшыныкIэ и министр Акабэ Юрий зэрыжиIамкIэ, ильэсыщIэм ирихьэлIэу мандарин тонн мин 27-м нэблагъэ Урысей Федерацэм ирагъэшэнущ. Экологие и лъэныкъуэкIэ ахэр кьабзэщ икIи нитратхэмкIэ гъэнщIакъым.

Акабэ Юрий кьызэрыхигъэщамкIэ, киви пхъэщхьэмыщхьэу УФ-м ирагъэшам и бжьыгъэм щыгъуэзэхьым, ауэ абы щIэупщIэ зэриIэм икIи ар куэду зэращхум щэч кьытрихьэркъым.

Сабий зеинщэхэр япэ ирагъэщ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Дызэрыт ильэсым кьрипубыдзу сабий зеинщэхэм сом мелуан 11 щыIп Iэ бюджетым щыхухахащ, псэупIэхэмкIэ кьызэрагъэпэщын папщIэ.*

РЕСПУБЛИКЭМ и президентым и пресс-Iуэхущ Iапl эм къызэриттамкIэ, сабий зеинщэ 20-м псэупIэхэр кьыхущэхунущ. Иджыпсту абыхэм унэхэр кьыхуалъыхьуэ.

Нэгъабэ апхуэдэ Iуэхуэгъуэхэм папщIэ бюджетым сом мелуанитху кьыхэкIуэу араш. Ар хуэдитIым щIигъукIэ нэхъ мащIэщ мыгъэрбин ельытауэ. Абы щыгъуэ сабий зеинщэ 12-м псэупIэхэр кьыхущэхуащ.

ХЬЭЩЫКЪУЭЙ Олег.



Хэхыныгъэхэм пащэ

Румыниием и президентыр хэхыныр зэ Iэ Iэтыгъуэм зэфIэкIакIым.

Нобэкlэ Румыниием и президент къулыкIур зыныгъ Бэсеску Траян либерал-демократ партым и цIыхущ. Абы и телъхьэу Iэ зыIэтам я бжьыгъэр процент 34-м щIигъукIым. Абы кьыпэщIэт социал-демократ партым къигъэпэгъуа Джоанэ Мирчу и телъхьэу Iэ зыIэтар процент 32-м зымащIэкIэ щIегъу.

Румыниием и президент хэхыныгъэхэм я етIуанэ Iыхьэр екIуэкIынущ мы гъэм дыгъэгъаэзм и 6-м.

«Рейтер» агентствэм къызэритымкIэ, Израилыр Ираным теуэну зэхьэзырц, абы щIэрэ Iэщэ иримыгъэщIын мурадкIэ.

Иджыри цIыху дапщэ?..

Мексикэм иужьрей мазитIым къриубыдзэу A/H1N1 грипп лIэужьыгъуэм щилыкIащ цIыху 30. Апхуэдэ хъыбар гуузэр къоIуэкI нэгъуэщI къэрал зыбжанэмкIи.

Дызэрыт мазэм щыщIидзэм а гриппыр къызэуу дунейм щатхат цIыху мин 440-рэ. Абы щыщу дунейм ехьажащ мини 5,7-р. Ар зыпкърыту Урысейм щатхар цIыху мини 2-м ноблагъэри, абы ящыщу 5-р щыIажькъым.

А бжьыгъэкIэ Мексикэм щекIуэкIым ебгъапщэмэ, дыкъэнэкIафIэщ. А къэралым А/H1N1 зыщи щилыкIащ цIыху 573-рэ, ар къызэуэхэр цIыху 64322-рэ мэхъу.

Дичыхьн идэркъым

Индием и правительствэм и унафэщI Сингх Монмахан къэрал Iуэхукlэ США-м кIуащ. Ар абы зэрыщыIэну махуилIым къриубыдзу, къэралитIыр зэгурыIуэн ychэщI терроризмэм пащIэ-тыным. Атом энергетикэм, нэгъуэщIхэми ятеуэуа IуэхугъуэхэмкIэ.

Атом электростанцэхэр Индием щиучэжну хуит ящIащ США-м и уней Iуэхущ Iапl эу тIу, ауэ абыхэм лэжьэн щIадзэркъым, аварие къэхъумэ, ар зыльэIэс цIыхухэм компенсацэу иратын хуейуэ Индием кьиГъэуэ ахъшэ бжьыгъэр яфIэкъуэдщи. А Iуэхущ Iапl эхэм я унафэщIхэм жаIэ США-м и компаниехэр Урысейм и «Росатом» е Франджым и «Арева» ящащ Iуэхущ Iапl эхэм хуэбгадэ зэрымыхъунур. Индием дичыхьн идэркъым.



●ЩэкIуэгъуэм и 24 – 26-хэм Москвэ, Сеченов И.М. и цIэр зезыхьэ медицинэ академием, щызэхэтынущ дунейпсо лIыкIуэхэр зыхэтыну «Урысей медицинэм и форум» зэхьыхьэм и IV конгрессыр.

●ЩэкIуэгъуэм и 24 – 25-хэм Москвэ, Сеченов А.Н. и цIэр зезыхьэу Москва дэт къэрал университетым щекIуэкIынущ «Идж-рей технологиехэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ - текстиль промышленностым» зыфIащащ щIэныгъэ-техникэ конференц.

●1956 гъэм КПСС-м и ЦК-м унафэ къищтащ балъкъэр, къэрэшей, кьалмыкъ, ингуш, шэшэн лъэпкъхэм я автономиехэр зэфIэгъэувэжыным теухуауэ.

●Дыгъэр къыщIэкIащ сыхьэти 7-рэ дакъикъи 10-м, кьуэхьжьнущ сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 35-м.

●Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакъикъ 25-рэ.

Пlалэрэр зыгъэхьэзырар **ГЪУЩIО Зариф.**

Лъэпкъ Iуэщыгъэ:

Зауэ езыгъажьэ и щхьэ лажьэ хохуэж.

● Гуауэ

Сабийхэм ядэIэпыкъуным щIэхъуэпст...

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и унафэщIхэр «Ван Моурик Медикал» нэмыщ фирмэм и лъэкIуэ, ди лъахэгъу Щоджэн Аннэ Виктор и пхъум и Iыхьлъхэмрэ я благъэхэмрэ яхуогуэзавэ ар гуузу машинэм зэпрыкIам къыхокIыу.

Щоджэн Аннэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къикIуат зи тхьэкIумэхэм зэхамыкхэм протезхэр щыхуагъэхъхэзыр Iуэхущ Iапl э кIыщыгъэIуэхыну икIи апхуэдэ щIыкIэкIэ и мурадт зи тхьэкIумэкIэ, зи бзэкIэ дерт зиIэ сабийхэм ятель гугъуэхьхэр щхьэщэхьн папщIэ жылагъуэр зэщIигъуэIуэну.

Хуабжьу дигу щIыхьащ ар зэрэтхэкIыжар икIи эм тщыгъупщэнукъым.

КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапl э.

«Адыгэ псальэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щIэдзыкIакIуэ лъапIэхэ!

Фигу къыдогъэкIыж 2010 гъэм и яп э итлъэкныкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедзэныр зэрекIуэкIыр.

Итлъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кIэпIейкIи 10-рэ.

«Адыгэ псальэм» Iэ щыгъэдзэ хъунущ республикэм и пощт Iуэхущ Iапl эм псоми.

Ди индексыр 51531

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм лъэпкъхэм, динхэм я зэгурыIуэныгъэр щыгъэбыдэным теухуауэ 2009 гъэм жэпуэгъуэм и 8-м Налшык къалэм щекIуэкIа зэIущIэм хэтахэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыпсэуухэм

Зэрызыхуагъазэр

Зэрыт диным емылытауэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зэрыщыIэ инымрэ иц лъэпкъхэр лIэщIыгъуэ Iэджэ лъандэрэ зэныбжьыгъуэ икIи зэгурыIуэу зэдопсэу. Ахэр зэщIыгъуэ щIобэн Урысей къэралгъуэр хъумэным, лъэпкъхэмрэ динхэмрэ я зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэным.

Апхуэдэу щыт пэтми, илъэс мин ещанэм и пщIэдэзэм къыкIыжкIаш лъэпкъхэмрэ динхэмрэ зэхэгъэкIыжыгъуэ, я шынагъуэхэр кьыхэзыпхъэ, ди Хэкум и жагъуэгъуэхэр зи щIэгъэкъуэн цIыху зэчыпхъуэ щхьэхуэхэр. Республикэм мамырыгъэр зэгурыIуэныгъэрэ илъэпымкIэ шынагъуэ зыпылъ лэжьыгъэ езыгъэкIуэжI организацэхэм я лIыкIуэ щхьэхуэхэр лъэпкъхэмрэ динхэмрэ зэфIэтэрэнэным хуэунэтIа гъуэгум теуваш. Абыхэм я псалъэхэр щIагъэбыдэ залымыгъэ IуэхуэхмкIэ, нэгъуэщIы бзэкIэ псалъэ, нэгъуэщI динэ зезыхьэ цIыхухэр ягъэшынэну, яукIыну зэрыхущIэкъумкIэ.

НэгъуэщI къэралхэм щыIэ центрхэм щагъэхьезыра лIыкIуэ куэдым ди республикэм кьрахьэ дуней псом щыIэ динхэм ящыщу нэхъ мамырщIэкъу дыдэхэм ящыщ исламым кьигъэувкэр зэхьэкIауэ къэзыгъэльагъуэ гупсыскэIэр. Абыхэм «джаурхэм»ебэнын хуейуэ кьыхураджэ икIи апхуэдэхэм нэгъуэщI динкэр зезыхьэхэм я мызакъуэу, мусыльымэнхэри, чристэнхэри, иудейхэри, буддистхэри, диныр зи фIэщ мыхьухэри мамыру икIи зэгъунэгъуфIу лэщIыгъуэ Iэджэ лъандэрэ зэдапIэуныр кьыз ззэзгъэпэщ исламыр зыбыгъ муслымэнхэри.

Лъэпкъ зэныкъуэкъуэкэр социальнэ, экономикэ, политикэ Iуэхуэм зэран яхуохъу икIи лъэпкъхэм я зыужьныгъэр илъэсищI бжыгъэкIэ кьыкIэрагъэжу. Псом хуэмыдиду дэ дегъэгуазэ лъэпкъ, дин экстремизмэр псом япэу щIалэгъуалэм нэхъ псынщIэу кьыз эращтэм.

Зэтеубэ апхуэдэ щытыкIэм хуабжьу дызэригъэпIейтém кьыхэкIыу, зэIущIэм хэтахэм, республикэм исхэр, ахэр лъэпкъкIэ зыщыщым, зэрыт диным емылытауэ, дин, жылагъуэ, политикэ зэгуэкъэныгъэхэм я пашэхэр, цIыхубэ хьыбарегъащIэ IэнатIэхэмI я унафэщIхэр, фIы зигу илъ цIыху псорн кьыхуоджэж:

- лъэпкъ, дин зэпэщIэувэрэ зэныкъуэкъухэмрэ къэмыгъэхъуным, дин зэмылIэужьыгъуэхэр зыIыгъ, ди псэу-кIэр зэтемыхуэ цIыхухэм яку тэмакъкIыхьыгъэрэ пщIэрэ дагъэным хуэунэтIауэ ирагъэкIуэжI лэжьыгъэр зэщIагъэIуэу;

- экстремист Iуэхуэхмрэ лъэпкъ зэхэгъэжыныгъэмрэ тещIыхьа пропагандэм япэщIэтыну;

- залымыгъэ Iуэхуэм, урысей законодательствэм кьемыэзгъыу ирагъэкIуэжI зэхьыхьэхэм езыхэм зыщхьэхуэну, я унагъуэжьмрэ я Iыхьлыхэмрэ храмыгъэшэну;

- дэтхэнэ динем, адрей лъэпкъхэм я хабзэхэмэ пщIэ яхуэщIыным теухуауэ лIэщIыгъуэкIэрэ зэтеуба псэукIэм тетыну, апхуэдэ хабзэхэм щалэрыуалэр щапIыкIыну;

- цIыхур зэIыгъэхьэным, абы и гумрэ и псэмрэ я кьэтхьэжьуным, унагъуэм кьэхэшным, гъуэгу мытэмэным тегъэувэным хуэунэтIауэ дин хабзэхэр зэблэзэшх зрэмрэ абыхэм кьыхалхьхэ мыхьумыщIагъэхэмрэ зыдрамыгъэхьэныну;

- унагъуэм, благъагъэр фIыгъуэ мэхи дыдэхэм зэращIыщIэ щыщамыгъэгъупщIэну, нэхъыкIэм лIэщIыгъэкIэрэ кьадекIуэкIа хабзэхэр, псом япэу, ди республикэмрэ Урысеймрэ пс лъэпкъ псори зэгурыIуэу икIи пщIэ зыхуащIу зэдэпсэуным теухуахэр, яхьэмэну икIи ягъэбгъэуну;

- мамыру дыщIепсэу лъэхъэнэм экстремизмэрэ терроризмэрэ я Iэужьхэм, лъэпкъ, дин зэпэщIэувэныгъэхэм я мызакъуэу, мусыльымэнхэри, чристэнхэри, иудейхэри, буддистхэри, диныр зи фIэщ мыхьухэри мамыру икIи зэгъунэгъуфIу лэщIыгъуэ Iэджэ лъандэрэ зэдапIэуныр кьыз ззэзгъэпэщ исламыр зыбыгъ муслымэнхэри.

Лъэпкъ зэныкъуэкъуэкэр социальнэ, экономикэ, политикэ Iуэхуэм зэран яхуохъу икIи лъэпкъхэм я зыужьныгъэр илъэсищI бжыгъэкIэ кьыкIэрагъэжу. Псом хуэмыдиду дэ дегъэгуазэ лъэпкъ, дин экстремизмэр псом япэу щIалэгъуалэм нэхъ псынщIэу кьыз эращтэм.

Зэтеубэ апхуэдэ щытыкIэм хуабжьу дызэригъэпIейтém кьыхэкIыу, зэIущIэм хэтахэм, республикэм исхэр, ахэр лъэпкъкIэ зыщыщым, зэрыт диным емылытауэ, дин, жылагъуэ, политикэ зэгуэкъэныгъэхэм я пашэхэр, цIыхубэ хьыбарегъащIэ IэнатIэхэм я унафэщIхэр, фIы зигу илъ цIыху псорн кьыхуоджэж:

- лъэпкъ, дин зэпэщIэувэрэ зэныкъуэкъухэмрэ къэмыгъэхъуным, дин зэмылIэужьыгъуэхэр зыIыгъ, ди псэу-кIэр зэтемыхуэ цIыхухэм яку тэмакъкIыхьыгъэрэ пщIэрэ дагъэным хуэунэтIауэ ирагъэкIуэжI лэжьыгъэр зэщIагъэIуэу;

- экстремист Iуэхуэхмрэ лъэпкъ зэхэгъэжныгъэмрэ тещIыхьа пропагандэм япэщIэтыну;

- залымыгъэ Iуэхуэм, урысей законодательствэм кьемыэзгъыу ирагъэкIуэжI зэхьыхьэхэм езыхэм зыщхьэхуэну, я унагъуэжьмрэ я Iыхьлыхэмрэ храмыгъэшэну;

- дэтхэнэ динем, адрей лъэпкъхэм я хабзэхэмэ пщIэ яхуэщIыным теухуауэ лIэщIыгъуэкIэрэ зэтеуба псэукIэм тетыну, апхуэдэ хабзэхэм щалэрыуалэр щапIыкIыну;

- цIыхур зэIыгъэхьэным, абы и гумрэ и псэмрэ я кьэтхьэжьуным, унагъуэм кьэхэшным, гъуэгу мытэмэным тегъэувэным хуэунэтIауэ дин хабзэхэр зэблэзэшх зрэмрэ абыхэм кьыхалхьхэ мыхьумыщIагъэхэмрэ зыдрамыгъэхьэныну;

- унагъуэм, благъагъэр фIыгъуэ мэхи дыдэхэм зэращIыщIэ щыщамыгъэгъупщIэну, нэхъыкIэм лIэщIыгъуэкIэрэ кьадекIуэкIа хабзэхэр, псом япэу, ди республикэмрэ Урысеймрэ пс лъэпкъ псори зэгурыIуэу икIи пщIэ зыхуащIу зэдэпсэуным теухуахэр, яхьэмэну икIи ягъэбгъэуну;

- мамыру дыщIепсэу лъэхъэнэм экстремизмэрэ терроризмэрэ я Iэужьхэм, лъэпкъ, дин зэпэщIэувэныгъэхэм я цIыхухэр зыгъэгъупщIэну;

- республикэм и социально-экономикэ щытыкIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ къэрал, муниципальнэ властым и органхэм зыщIагъэкъуэну;

- хабзэм кьемыэзгъыу Iэщхьэ зыщIэзыуэзэщ гупсэм, бандэ гупсэм кьыхэкIыжыну, Iэщхр ягъэтIыльыну , мамыр гъащIэм кьыхьыхьжу я зэфIэкIыр Iуэху тэмэмхэм, лэжьыгъэм, республикэм и политикэ гъащIэм щыIэ хабзэхэм тету хэтыным хуаунэтIыну.

Республикэм и цIыхухэр зыхуэтщIэхэ!

Лъэпкъ, дин зэгурыIуэныгъэмрэ зы мэсхьэбым итхэм я зэпэщIэувэныгъэмрэ гъэбыдэным хуэгъэзауэ дэ псоми едгъэкIуэкI лэжьыгъэм ельытащ республикэм и кьэкIуэнур, Къэбэрдей-Балькъэрым ис лъэпкъхэм я кьэкIуэнур!

Зэ1ущIэм хэтахэм я цIэкIэ тхыгъэм Iэ щIадзащ:

КъБР-м и Президент **Кьанокьуэ А. Б.**
КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ **Меркулов А. В.**
КъБР-м и Парламентым и Унафэщ **Чеченов А. А.**
КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Жаморэ В. С.**
КъБР-м и Конституцэ Судым и Унафэщ **Геляхов А. С.**
ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэ **Зумакулов Б. М.**
КъБР-м и прокурор **Жариков О. О.**
УФ-м и Прокуратурэм Следствиемкlэ и комитетым Следствиемкlэ и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI **Устэ В .Хь.**
Урысейм ЩIыналъэ зэнаIэкIэ и федеральнэ кIуалыкъуэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI **Сердюк В. С.**
Къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ министру КъБР-м щыIэ **Томчак Ю. И.**
Урысейм Нарютикхэр зэрыщIэблагъэкIым кIэпыпIпыныкIэ и федеральнэ кIуалыкъуэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI **Кульбаев Р. М.**
*Урысейм Тезырхэр егъэпшынынымкIэ и федеральнэ кIуалыкъуэм и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI***КIуэкIуэ М. В.**
Урысейм Къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ и министерствэм Краснодар дэт и университетым и Налшык кIуэдамэм и унафэщI **Щхьэгъэпсо З. Л.**
«Зыуэ щыт Урысей» партым и щIыналъэ кIуэдамэм и политсоветым и секретарь **Жаным Р. М.**
КъБР-м и Муслымэнхэм я Iуэхуэщ1апIэм и унафэщI **Пщыхьэщ1э А. М.**
КъБР-м и православнэ члисэхэм я Iэтащхьэ **Бобылев В. Н.**
КъБР-м и раввин нэхьыщхьэ **Шабаев Л. М.**
Урысейм Щэнхабзэмкlэ я фондым и Къэбэрдей-Балькъэр кIуэдамэм и унафэщI, «Налшык» ОРТК» ОАО-м и генеральнэ директор **Вэрокьуэ В. Хь.**
КъБР-м и Профсоюзэм я организацэхэм я зэгуэкъныгъэм и тхьэмадэ **Тау П. Кь.**
КъБР-м къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ органхэмрэ къэрал кIуэцI дэзэхэмрэ я ветеранхэм я советым и тхьэмадэ **Думей М. Ш.**
Урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я «Вече» зэгуэкъныгъэм и тхьэмадэ **Канунников А. Д.**
*Афганистаным щекIуэкIа зауэм и ветеранхэм я Къэбэрдей-Балькъэр республикэ центрым и унафэщI***Тхьэгъэлэ дж Т. Л.**
«Адыгэ псалъэ» газетым и редакцI» къэрал Iуэхуэщ1апIэм и редактор нэхьыщхьэ, «Адыгэ Хасэ» Къэбэрдей-Балькъэр республикэ жылагъуэ зэгуэкъныгъэм и тхьэмадэ **Хьэрокьо Л. М.**
Граждан жылагъуэм и Iуэхуэщ1апIэхэм зегъэужьыныгъэ цIыхум и хуитыныгъэхэмкlэ КъБР-м и Президентым деж щыIэ комиссэм жэуап зыхь и секретарь, «Алан» Къэбэрдей-Балькъэр республикэ жылагъуэ зэгуэкъныгъэм и тхьэмадэ **Беппаев С. У.**
КъБР-м и Щыхубзхэм я республикэ советым и унафэщI **Шорэ Р. Ч.**
«Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхьыщхьэ **Мэз С. С.**
«Северный Кавказ» газетым и редактор нэхьыщхьэ **Казиханов А. М.**
«Къэбэрдей-Балькъэр» республикэ телеканалым и унафэщI **Къумахуэ М. Л.**
*«Къэбэрдей-Балькъэр» къэрал телерадиокомпанием» ВГТРК федеральнэ къэрал Iуэхуэщ1апIэ зэгуэтым и кьудамэм и унафэщI***Къэзанш Л. Б.**

Ди газетым зэрытетащ, «Къэбэрдей-Балькъэрым Iэщ лъэпкъыфIхэр къэзэхъунымрэ биотехнологиемкIэ и Iуэхуэщ1апIэ» ОАО-м и хэщIапIэм щэкIуэгъэкъуэн 18-м зIуэщIэ зыубгъуэ щыIэхэтащ. Ар къыздрагъэпэщащ КъБР-м и Парламентым Аграрнэ политикэмкIэ, щIыр зехьэныгъэмкIэ и комитетымрэ республикэм Мокьуэмэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и министерствэм и коллегиемрэ я жэрдэмкIэ.

ЗЭХЫХЬЭМ хэтащ кьалэ округхэм, муниципальнэ районхэм мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ я Iуэхуэщ1апIэхэм, мэкъумэш предприятиехэм я унафэщIхэр, зоотехник, Iэщ дохутыр нэхьыщхьэхэр, зоотехник-селекционерхэр, техник-осеменаторхэр, КъБКъМА-м, Къэбэрдей-Балькъэрым мэкъумэш хозяйствэмкIэ и щIэныгъэ-хозяхутакIуэ институтым щыщ щэнэгъэшIхэр.

КъБР-м и Парламентым Аграрнэ политикэмрэ щIыр зехьэныгъэмкIэ и комитетым и унафэщI **Лыхъутэ Хьэжмурид** зэIущIэр кьызэIуиха нэхъ, псалъэ зрита мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ министр **Ерчэн Темболэт** кIэлIу кьытеувыIащ кьыхалхьа Iуэхуэгъуэр нэхьыщхьэу зытеухуамрэ абы мыхьэнэуэ иратыр зыхуэдэмрэ.

Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и министерствэм и кьудамэм и унафэщI **Гутыуэ Азрэтэлий** и докладым щыгъэзыхрахащ Iэщ лъэпкъыфI къэгъэхьуным, хьушэхэр зэтегъэувэжьным хуэунэтIауэ зэфIагъэкIхэр, а IэнатIэм республикэм щыгъэзгъэныжьынымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэр, абы и лъныкъуэкIэ иужьрей зэманым къагъэсебэп Iэмащхьэ.

- Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэмрэ Къэбэрдей-Балькъэрым и Правительствэмрэ 2008 - 2012 гъэм мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыным, мэкъумэшхэкIхэм, сырьем, ерыскъыпхъэхэм я рынкэхэм я унэтIыныгъэ щIыхьа къэрал программэр гъэзэщIэным теухуауэ нэгъабэ мазаем и 6-м зэращIыIа ЗэгурыIуэныгъэм и унэтIыныгъэ нэхьыщхьэхэм ящыщу Iэщ гъэхъуным и IэнатIэр тегушхуауэ къэIэтыжьынымрэ, - жиIащ къэпсэлъам. - Абы я лъныкъуэкI республикэм лэжьыгъэ пыухыкIаэхэр щрагъэкIуэкI. Къапщтэмэ, хозяйствэ лIэужьыгъуэ псоми нобэ щаIыгъщ Iэщыщхъуэ мин 233,6-рэ (мини 108,4-р жэмщ), кхъуэуэ мин 53,3-рэ, мэлэр бжэну мин 306,6-рэ. А бжыгъэхэр нэгъабэрейхэм нэхърэ нэхъыбэщ. Мы гъэм и щыщыIэ-фокIадэ мазэхэм кьриубыдэу быдымылрэ джэкъызэлу (зэрыпсэууэ) тонн мин 43,3-рэ, гъэшу тонн мин 251,1-рэ къалэжьащ, джэдыкIэу мелуани 133,2-рэ кьрахащ.

Гугъуэт Азрэталий кьызэригъэлъэгъуэмкIэ, Iэщ гъэхъуным ельэIа проект инхэр гъэзэщIа мэхъу. «Киево-Жураки АПК» ЗАО-м кьызэ льхуэн-пIэну мини 2,5-рэ щIгъэнэхну псэуалъэм и яп чэзуэр уэхун нухащ, корпуси 8-рэ репродуктору 3-рэ ятащ, «Бахъсэн Бройлер» Агроргуэ ОАО-м корпуси 8 кьыщIэIуахащ. Абы метр зэбгъуэзнатIэ мин 14 еубыд, джэду мини 100 щагъэхъунущ. ФIагъ льагэ зиIэ кьрагъэш джэдыкIэм хуэдэу кьрахьыр мы гъэм мелуан 19-м, реконструкцэ нэхъыбэм джэдылу кьалэжьыр тонн 1000-м нагъэсынущ.

«Велес Агро» ООО-м илъэсым джэдкъазылу тонн мини 4,5-рэ кьыщалэжьыну джэдщыр уэхун нухащ, джэдыкIэ мелуани 10-м тещIыхьа нихуэбатор цехыр и кIэм нетъэблагъэ. «Империя» КФХ-м Iэщ1эвщIэ 1400-рэ щIгъэшIэхну псэуалъэр щIын еух, «Дадэхэ я фермер хозяйствэ» Iуэхуэщ1апIэм джэдкъазу мин 60 щигъэхьуну иужьрей корпуси 2-р лэжьыгъэм хуэхъэзыри.

- Нэгъабэ щIэрыщIэу зэрагъэпэщыжащ Iэщыщхъуэ 5200-рэ, кхъуэуэ 100, мэлу 800, джэдкъазу мин 595-рэ щызэрахьну псэуалъэхэр. Былым лъэпкъыфIхэр кьращхэун, псэуалъэхэр ирауэхуэн, ирагъэфIэкIуэн, зыхуей Iэмэпсымэхэр зыIэрагъэхьэн папщIэ, мэкъумэш предприятиехэмрэ хьэрычъытыщIхэмрэ сом мелуан 617,8-м хуэзэ кредиту 30, подсобнэ хозяйствэм зезыгъэужьынухэм сом мелуан 447,6-м пкIуэ кредиту 1919-рэ кьыIахащ, - кьыхунэщащ министерствэм и кьудамэм и унафэщIым.

Гугъуэт Азрэталий щхьэхуэу кьытеувыIащ хэкIыпIэфIу щыт гъэмахуэ хьупIэхэр мы гъэм кьызэрагъэсебэпам, мэл, шы, бжъэ, бдзэжьей гъэхьуным зэрызэратыжьым, Iэщ лъэпкъыфIхэр гъэбгъэуным теухуауэ зэфIагъэкIэм икIи абы и лъныкъуэкIэ дяпэкIэ кьапэщытхэр игъэбеледжьлащ.

«Къэбэрдей-Балькъэрым Iэщ лъэпкъыфIхэр къэгъэхъунымкIэ биотехнологиемкIэ и Iуэхуэщ1апIэ» ОАО-м унафэщI **ГутIыж Арсен** и кьэпсэлъэныгъэм кьыхигъащащ республикэм и Iэщыхьуэхэм нобэ кьалэныщхьуэ кьазэрыпэщIыну.

- Мы ГэнатIэр кьыдэтхьыжьу дыхуейми, абы хэкъуэуэ демылэжьу хьунукъым. Нэхъыщхьэу зытегъэщIапхъэу кьэтIылытэри былым лъэпкъыфIхэр ирикъуу зэгъэпэщыныр, - жиIащ ГутIыжым. - Фигу къэзгъэкIыжьынщи, 1991 гъэщIэнэдэ Къэбэрдей-Балькъэрым Iэщ гъэхъуным хьарзынэу зыщIижьу щытащ. Ди жагъуэ зэрыхьунщи, къэралым кьыщыхалхьхауэ щыта «зэхьэуэкIыныгъэхэм» псори зэтригъэщэхащ. ДевгъэпIылыжьат: абы щыгъуэ республикэм щыIэт мэкъумэш предприятэу 130-м щIигъу, нобэ зэрыхьужыр тIощIырыпщI хуэдизщ. Ильэс кудэкI егугъуу зэтрагъуха Iэщ лъэпкъыфIхэр щыщагъэхъу къэрал Iуэхуэщ1апIэм зыри хуэмеижхъуат, абы щIыпIэхэм щиIэ кьудамэхэр зэхуащIыжри, Iэщ1агъэдI Iэзэхэр зэрамым кьыдэнат. А псом фIы кърикIуакъым.

Дызэригуапэщи, иужьрей зэманым республикэм и экономикэм хэкъуэуэ щрагъэжIуэкI зэхьэуэкIыныгъэхэм Iуэху зехьэкIэ зэмылIужьыгъуэхэр кьыдэунэхуащ. Псалъэм папщIэ, иджыпсту мэкъумэшщIэ-фермер хозяйствэу 1000-м щигъу диIэщ.

Дэ ттеухуауэ жьыСэмэ, ди Iуэхуэщ1апIэмрэ хозяйствэхэмрэ я Iэщ1агъэдIхэм, дызыхьыхэ министерствэм и нэIэ тету, Iэщ лъэпкъыфIхэр кьэгъэхъуным пьабжьэ хьарзынэ кьыхуэзэрагъэпэщащ, - кьигъэлъэгъуащ акционер обществэ зэIухам и унафэщIым. - Нобэ республикэм щыIэщ а Iуэхум телажьэ репродуктор 23-рэ. Былым лъэпкъыфIхэр, гъэшыфIэхэр, льфI зытеувыIахьэхэр хозяйствэхэми унагъуэхэми къаухъэгъэхъуным зэгъуэсу кьызэдгъэпэщынущ. Ар хуабжьу кьалэн гугъущ, ауэ дэ диIэщ мыхьэнэшхуэ зиIэ а Iуэхум кууэ хэзыщIыкI щIэныгъэдIхэмрэ Iэщ1агъэдIхэмрэ. Абыхэм я зэфIэкIыр къэдгъэсебэпынущ.

ЩIыпIэ Арсен зэрыжиIамкIэ, хьушэхэр зэтегъэувэжьнымкIэ хэкIыпIэ гъуэзэджэ жэмхэр Iэрыщ1у псэф зэращI Iэмал гъэнэхуар. Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ министерствэр я щIэгъэкъуэну а Iуэхум зрагъэубгъу. Нэгъабэ абы бызэщIрагъэубыдащ хозяйствэ лIэужьыгъуэ псоми жэм лъхуэн-пIэну яIэм и процент 74,6-р. Гъэм щыщу блэкIа зэманым жэмрэ танэу мин 50,7-м а Iэмалыр ирахьлIащ.

ЩIыпхъэ Iуэхуэгъуэм теухуауэ зэIущIэм кьыщыпсэлъащ «Къэбэрдей-Балькъэр республикэм ветеринариемкIэ и управленэ» РГУ-м и Iэтащхьэ **Луп Резуан,** Дзэлыкъуэ куейм щыIэ «Малкэ Ищщ» СХПК-м и нэхьыжь **Начо Хьэсэн,** КъБКъМА-м и профессор, Iэщ лъэпкъыфIхэр къэгъэхъунымкIэ центрым и щIэныгъэ **Гъуэгъэ Владимир** сымэ.

Гъуэгъэ Владимир зэхуэсахэм яхуиIуэтащ былым лъэпкъыфIхэм я жылэ агъэхъэзырахэр зыхуэдэр, ахэр зэрахъумэ щIыкIэр, эмбрионхэм я фIыгъэкIэ илъэсым щIэжьейуэ кьыпхущIэгъэхъуэнур зыхуэдизыр. Абы зэрыжиIамкIэ, лэжьыгъэр ящегъэпсынщI зэжмэр Iэрыщ1у псэф зэращI, «эмбрион кьэпщIахэр» зэрырахьлIэ агъэIэпхъуэ лабораторэхэр кьызэращIхуэм, Iэщ1агъэлIхэр мы Iуэхум щыIэу рагъаджэ центр кьызэрызэIуахам.

- Нэгъабэ ди дежь щедгъэкIуэкIауэ щытащ техниккосеменаторхэм я результатхэр зэпеуэ. Абы и кьалэн нэхьыщхьэу щытар жэмхэр ІэрыщIу псэф зэращIым хуэдэ Iэщ1агъэкIэ (операторхэм) я щIэныгъэм, Iэзагъэм хэгъэхьэныгъэ, я зэгурыIуэныгъэ, а Iуэхумкlэ щыIэ иужьрей Iэмалхэм я щIэныгъэ-псэфэныгъэм нэхъ кууэ зэгъэгъэуэныгъэ. УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм етIанэгъэ ди дежь щригъэкIуэкIынущ зи Iэщ1агъэкIэ нэхьыфI операторхэр кьыщыхахыну Урысеипсо зэпеуэ. Абы кьэралым и щIыналъэ 70-м щIигъум я лIыкIуэхэр кьырихьлIэнущ, - кьигъэльэгъуащ акционер обществэ зэIухам и тхьэмадэ ГутIыж Арсен зэхьэхэм щыжаIаэхэр щызэхалъхьэжым.

Зыхэплъа Iуэхуэгъуэм теуху унафэ кьащта нэужь, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и министр Ерчэн Темболэт лэжьыгъэм кьыхэжаныкIа Iэщ1агъэлIу 10-м жэмхэр Iэрыщ1у псэф зэращI зрагъэпэщ1ын хьэуэ лабораторэхэр зыхэт ягъэIэпхъуэ автомашинэхэм я Iуэкlыбзэ Iуэхуэр ирилъ.

ЗэIущIэм хэтащ республикэм и Парламентым и Унафэщым и кьуэдзэ **Бозий Натбий.**

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

ШУРДЫМ Лидэ Мурид и пхъур

КУЭДРЭхьэлъэу сымэджа нэужь, 2009 гъэм щэкIуэгъуэм и 13-м дунейм ехьажащ Къэбэрдей-Балькъэрым и жэмыдж нэхъ Iэзэ дыдэхэм икIи цIэрыIуэхэм ящыщ, Лэжьыгъэ Щыхьым и орденым и нагъыщэ псори кьызыхуагъэфэща, КъБАССР-м и Совет Нэхьыщхьэм и 9-нэ, 10-нэ, 11-нэ хэхыгъэхэм я депутату щыта Шурдым Лидэ Мурид и пхъур.

Дэтхэнэ зы жылагъэрыпи иIэщ зэрыгушхуэ щыIэу щыпкъэхэр. Абыхэм я IуэхуэщIафэу, я дуней тетыкIэу щытам щIэблэр щIапIыкI, ахэр щапхъэу ягъэлъагъэу. Мы гъащIэм зи уеблэ щIэхуэбыдыжьа, зи лъагъуэ щыпхъэшышжа апхуэдэ цIыху къэмылэнджэжхэм ящыщт 1941 гъэм гъэтхэгъэм и 8-м Бахъсэн районым хьэкъуэ Зейкъуэ къуажэм къыщалъхуа Шурдым Лидэ.

Абы и сабиигъуэ-щIалэгъуэр зауэ ящхьэ лъхьэнэ хьэпсэм хиубыдати, адрей и ныбжьыгъуэм ейм зыкIи къыщыкъыщIыртэкъым. Апхуэдэуэ къыдокIуэтей, Iэпыдзлъэпыдзэ хьэзырти, пщIантIэр зэрыпсэу, Iэщым яхьихьэу хуожьэ.

1959 гъэм Шурдым Лидэ «Зеикъуэ» колхозым и жэмыш мэхъу. Фермэм и учфащIым гу лыитат хьэщхьэбэ цIыкIум жэмыш Iэкlуэльакlуэ къыз эрыхьэкIынум. Зыпэрыхьа Iэнатlэм Лидэ щIэх дыдэ пашэ щыхъыуат - емыззэшт, сытми щуэзэжьат. Абы гу лъмытэу хэсэнакъым. Жэмхэр машинэкIэ хэзышн щыщIадзам и лэжьэгъуэм щапхъэ Iэуэхуэхъар Шурдымыращ. Езым игъэсэжа жэмышIэ гуп кьещэгрэн, зи щIыпэлъхуэжэм гъэшышхуэ зэрызребгъэтыфынур Iуэхуэкlэ егъэнаIуэ. Апхуэдэуэрэ япэкIэ мэкIуэтэ, иIыгъ жэмхэм дэтэнам щэ килограмм 3500-рэ къыщIишу хуожьэ. Абы къыпокIуэ Лэжьыгъэ Щыхьым и орденым и нагъыщэ. Зэпымыуэ нэIуэ кьэхъурт, зэрылэжьакIуэшхуэм къыдэкIуэу, ар къызэгъэпэщакIуэ Iэзэуи зэрыщытыгр, гудзакъэ зэрыхэлъыр, зыужьыныгъэм пылIа Iуэхуэр пхигъэкIуэну зэрыхуущIэкъур икIи къуажэ, район Советхэм я депутату, партым и райкомым, обкомым я членуха. Абыхэм кьакIэлъокIуэ КъБАССР-м и Совет Нэхьыщхьэм и цIыхубэ депутатым и дзыхьыр. А псом зи лъэр щIигъэкIа цIыхубэ гуащIафIэр жылагъуэ лэжьыгъэхэм кьууэ хохьэ. И ехьэупIэныгъэхэм, здэщыIэ фермэм и зэфIэкIым и закъуэкIэ гуза-гъэтгъуэ игъуэтыртэкъым - арэзы кьэзыщIыр зэрыкохоху, зэрыжьлIэу пашэхэм ящыщмэщ, я куейм бжьыпэр щаубыдмэщ. Iуэхум зыкъ-ригъэлыртэкъым. Жэм кьэс кьыщIишыр килограмм мини 4-м щынигъэсыну, Лэжьыгъэ Щыхьым и етIуанэ нагъыщэр кьыхуагъэфащэ. Иджы ар пщIэшхуэ зыхуащI нэхъыжьхэм яIыщIэ: хэхыгъуэ кьэс жьыхуэIам хуэдэу Iэщ1агъэкIуэхэм я парт кьызэгъэпэщакIуэщ, чэнджэщыгъуэщ, дзэлыпкъуэгъэу нэсщ, щапхъэщ. Апхуэдэуэрэ иныгъ жэм гупым дэтхэнэми хуэзэу кьыщIишыр килограмм мини-ПлIрэ щитхум щIрегъэгъу. Абы къыпокIуэ Лэжьыгъэ Щыхьым и орденым и япэ нагъыщэр.

Шурдым Лидэ къэрал псом щэнэйрэ и цIэр жригъэIащ. Абыхэм я дамыгъэу жэмыш къэрым и щIыналъэхэм Лэжьыгъэ Щыхьым и орденым и нагъыщэ псори. Апхуэдэу Зеикъуэм и «Дыщэ Вагъуэплым» етхуанэри ябгъурыуваху щытащ, - ар щхьэпащIэ ЛIыхъужьыр.

Фы зыщIам и пщIэр кIуэдыркъым. ГущIэгъуэныгъэ, щIэблэм я гъэсакIуэу, ущиякIуэу, пэжьхуэ къэмылэнджэжу, зэхэщIыкI лъагэ иIэу дунейм тета, къэралым и дамыгъэ лъапIэ куэд кьыхуагъэфэща, «Къэбэрдей-Балькъэрым и щIыналъэ» Лэжьыгъэ Щыхьым и орденым и нагъыщэ псори. Апхуэдэу Зеикъуэм и «Дыщэ Вагъуэплым» етхуанэри ябгъурыуваху щытащ, - ар щхьэпащIэ ЛIыхъужьыр.

Фы зыщIам и пщIэр кIуэдыркъым. ГущIэгъуэныгъэ, щIэблэм я гъэсакIуэу, ущиякIуэу, пэжьхуэ къэмылэнджэжу, зэхэщIыкI лъагэ иIэу дунейм тета, къэралым и дамыгъэ лъапIэ куэд кьыхуагъэфэща, «Къэбэрдей-Балькъэрым и щIыналъэ» Лэжьыгъэ Щыхьым и Щыхьым и орденым и нагъыщэ псори. Апхуэдэу Зеикъуэм и

КъБР-м и Парламентыр; КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и министерствэр; Бахъсэн муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэр; Зеикъуэ къуажэм и администрацэр.

● Узыгъэпейтей псалъэмакъ

ХэкIыпIэхэр къалъыхъуэ

ЗЭХЫХЬЭМ хэтащ кьалэ округхэм, муниципальнэ районхэм мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ я Iуэхуэщ1апIэхэм, мэкъумэш предприятиехэм я унафэщIхэр, зоотехник, Iэщ дохутыр нэхьыщхьэхэр, зоотехник-селекционерхэр, техник-осеменаторхэр, КъБКъМА-м, Къэбэрдей-Балькъэрым мэкъумэш хозяйствэмкIэ и щIэныгъэ-хозяхутакIуэ институтым щыщ щэнэгъэшIхэр.

КъБР-м и Парламентым Аграрнэ политикэмрэ щIыр зехьэныгъэмкIэ и комитетым и унафэщI **Лыхъутэ Хьэжмурид** зэIущIэр кьызэIуиха нэхъ, псалъэ зрита мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ министр **Ерчэн Темболэт** кIэлIу кьытеувыIащ кьыхалхьа Iуэхуэгъуэр нэхьыщхьэу зытеухуамрэ абы мыхьэнэуэ иратыр зыхуэдэмрэ.

Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и министерствэм и кьудамэм и унафэщI **ГутIыж Азрэтэлий** и докладым щыгъэзыхрахащ Iэщ лъэпкъыфI къэгъэхъунымрэ, хьушэхэр зэтегъэувэжьнымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэр, абы и лъныкъуэкI иужьрей зэманым къагъэсебэп Iэмащхьэ.

- Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэмрэ Къэбэрдей-Балькъэрым и Правительствэмрэ 2008 - 2012 гъэм мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыным, мэкъумэшхэкIхэм, сырьем, ерыскъыпхъэхэм я рынкэхэм я унэтIыныгъэ щIыхьа къэрал программэр гъэзэщIэным теухуауэ нэгъабэ мазаем и 6-м зэращIыIа Зэгуры

● Iэятхэм я дерсхэр

Гуэныхьышхуэхэм защывдзей

КъурIэным ухэзыгъэгъуазэ тхыгъэхэм кьапдощэ. Фи пащхьэм ныдольхьэ Ан-Нисал (ЦIыхубзхэр) сурэм и 31-нэ, 32-нэ, 33-нэ сурэхэм ятеухуа тафсирхэр.

31. Дэ хьэрэм фщытщА гуэныхьышхуэхэм защывдзейм э (хьэзабышхуэ кьызыпIэкIуэну гуэныхь инхэр фымылэжьмэ) - жыхуиIэщ. Мы Iэятхэм и тафсирым и гугъу тщIын и пэкIэ ныфхуэсIуэтэнщ гуэныхьышхуэхэм ятеуха хьэдиус зыбжанэ.

Iэбу-Бэкыр льапIэм кIиIуэтэжащ мыр: «Алыхьым и нэфIыр зыщыхъэн Мухьэмэд бегьымбарыр ди гъусэу мусулымэн зыкьом дызэхэст.

- Гуэныхь ин дыдэхэм щыгъуазэ фах уэсщIын? - щэнейрэ щIэупщIащ бегьымбарыр.

- Дыхъейт дахуэпщIыну, уа Алыхьым и лIыкIэ льапIэ - зэдзыжьтIащ зыжьбэу.

- АтIэ гуэныхьышхуэ хьужьыр мыхъэращ: Алыхьым нэгъуэщI тхьэ гъусэ хуэпщIынырщ, адэ-анэм уемыдэIуэнырщ, зыгуэрым щыхьэт нэпцI ухуэхьунырщ, пцIы бупсынырщ».

Малик и кIуэ Iэнаси кьиIуэтэжащ мы хьэдисыр.

Гуэныхьышхуэ зэр кьытхурибжэкIри, бегьымбарым абыхэм щыщIу кIильытащ Алыхьым нэгъуэщI тхьэ гъусэ хуэпщIынырщ, адэ-анэм уемыдэIуэнырщ, цIыху хей букIынырщ. Мы псальэхэри дыщIигъажащ: «Нэхь гуэныхь ин дыдэр пцIы бупсынырщ, зыгуэрым щыхьэт нэпцI ухуэхьунырщ».

Мухьэмэд бегьымбарым жиIэгъахэм ящыщу Iэбу-Хурейрэ кьиIуэтэжащ нэгъуэщI зы хьэдисэ: «Бегьымбарым и щэхьабэгъэ дыкьыхуриджат гуэныхьышхуэу блым сытым щыгъуи защитхъуэмэуи, зыгуэрхэр щIэупщIащ: «Сыт хуэдэ ахэр, Алыхьым и лIыкIэ льапIэ?» - жаIэри, Бегьымбарыкъыщта жэуапым кьыззэрыщымкIэ, гуэныхьышхуэхэм ящыщ Алыхьым гъусэ хуэпщIыныр; удигъэ Iуэхуэхэр зепхьэныр; цIыху хейр букIынырщ; зеиншэм и мылькыр фIэпшынырщ; зиншэ пщIэныр; мусулымэнхэр биим щебгъэрыкIуэкIэ укьыщIэпхьуэкьыныр, зэуапIэр убгынэныр; Иман зиIэ цIыхубз хейр, зиинэ ищIауэ ухуэпсалъэу, бгъэ уIыпинырщ.

Тафсир зэщIахэр арэзы зэдытохьуэ бегьымбар льапIэм хьэрэм тщищ мыхьумыщIагъэхэр дунейкIи ахърэткIи тезыррэ хьэзабу нэхъыбэ дыдэ кьызыщIэпхьуэ гуэныхь инхэм зэращыщым, **фи мыхьумыщIагъэхэр фхуэдгъэгъунщи** («фхуэдущэхунщ, фхущIэтхъуМэнщ, фхуэдгъэпщIупэнщ, фымылэжьам хуэдэу») жыхуиIэщ. Гуэныхь цIыкIуфэкIуэхэр псапэ блэжьхэм ягъэкIуэдыф, ауэ гуэныхьышхуэхэр кьыззэрыпхуэгъэнур Iыхьэм кьабылу пIих тобэмкIэщ. Iэбу-Хурейрэ кьиIуэтэжыгъа хьэдисхэм ящыщ зым хэтщ мыпхуэдэ псальэхэр: «Нэмэз уахьтитхум я зэхуакуэхэмрэ жумкъэ нэмэзхэм я зэхуакуэхэмрэ кьыщыпхьа гуэныхьхэр кьыпхуагъэгъунущ, гуэныхьышхуэхэм ящыщ кьахьыумыгъэхуамэ») **дыхьэпIэ льапIэкIэ фыдэтшэнщ** («Гуэныхьышхуэхэм защыфхьумамэ, псапэ влэжьакъэр фхуэдгъэбэгъунщи, фызыщагъэльапIэну жэнэтым фитшэнщ» - жыхуиIэщ).

32.Зым ефIэкIыну адрейм Алыхьым кьыхуищIа фыигъуэм фемыфIыгъуэ (фыигъуэныр лIэужьыгъуитIу егъуэ. Iпэр - цIыхум кьыльагъэса фыигъуэр фIэкIуэдыным, ар уэ кьыплпысыным ущIэхьуэпсынкIэ. Ар къуанщагъэ зыпыль фыигъуэижэщ. Сыт щхьэкIэ? Алыхьым и фыигъуэр Езыр зыхуейм жумарту льебгъэс. Абы и унафэр захуэщ, тэмэмщ, шэч кьызыгетпхэ мыхьунщ. ЕIуанэр - цIыхур нэгъуэщIым кьыльыса фIыигъуэм хуэдэ езыми кьыхуIлIэну щIэхьуэпсынырщ. Мыр гуэныхь зыпымыль фыигъуэкIэщ, нэгъуэщIым кьыльагъэса фIыигъуэр абы фIэкIуэдын хуейуэ кьильытэркъымэ. ЦIыхуэхэм яхэтщ мыльку гуэри зимыIэхэри, зи мылькым и эрэанкIэ зи динри зи дунеягъэри зэIыхьэхэри. Абы кьыхэкIыу Iхьэм нэхъ уэрэд льэIуупхъэр мыпхуэдэуш: «Сэ Тхьэ! Си динкIи, си дунеягъэкIи, си ахърэткIи зи хьэр кьыщэкIын кьызэт!»). **ЦIыхухьухэм кьалэжьам щыщ Iыхьэ кьалъысыжынщ, цIыхубзхэми кьалэжьам щыщ Iыхьэ кьалъысыжынщ** (мыбдежьым зи гугъу ищIыр цIыхухэм я лэжьыгъэфIкIэм кьапэкIуапхъэ пщIэращ. НэгъуэщI жыпIэмэ, цIыхухьухэми цIыхубзхэми ахърэтым я псапэхэр кьыззэрыщIратыжыну щыкIэр зэхуэдэнущ: псапэхэр хуэдпищIкIэ хуагъэбэгъунущ, гуэныхьхэр зы пщалъэм иту кьыльагъэсыжынщ). **Алыхьым и фIыгъуэмкIэ фельэIу** (Iибн-Хьэббас кьызэрыхигъэщыкIэ - ерыскъыкIэ. Тхьэм и пщыл щIыхуэ щыльаIуэкIэ зыгъэрэ зэрельэIуупхъэщ уи дунеягъэкIэ, ахъэрэткIэ уэрефIэкIынущ). **Алыхьым сытри ещIэ** (ещIэ льаIуэхэр сыткIиефIэкIуэну зэрыхуейр. Абы кьыхэкIыу зэрыщIэльэIуэхэр зэрыгъэкIуэдыжынущ).

33. Адэ-анэхэмрэ Iыхьлъхьэмрэ я щIэнным щыщ зыльысыпхъэхэр дгъэнэIуащ (цIыхухьухэри цIыхубзхэри. Псальэм папщIэ, зыгъэкIуэр, щыпхьэхэр, адэ кьуэш бынхэр, нэгъуэщI Iыхьлъхэри), **мыдрейуэ, тхъэрыуIэкIэ фызыгурыуаэм ялысыр яIэщIофлъхьэ** (ислъам диныр кьэунэхуным и пэкIи кьыщыунэхуагъащIэ лъэхъэнэхэм и хьэрыпхэр, я Iэхэр зэрыуфыдурэ, псалтъ быдэ зэIэпахыну, зэ уваIэу щытащ, «уи лIыр сиплащ, уи кIуэдар си кIуэщ, уи бийр си бийщ, уи заугъэ си заущ, уи мамырыгъэр си мамырыгъэщ, си щIэныр уи щIэнищ, сынольэIунщ икIи укьыззэлъэIунщ, пхуэсщIэнщ икIи кьыслхуэпщIэнщ» - жаIэ урэ. Тхьэ зэхуэзыIу ахэм ящыщ гуэр дунейм ехьжамэ, абы и щIэнным щыщу Iыхьэ ханэр мыдрейхэм ялысыр. Мы хабзэр быдэу хьэрыпхэм я яхэлъащ зэман зыкьомкIэ. Аращ зи гугъу тщIы Iэятхэм «абы-хэм я Iыхьэр яIэщIэфхьэхэ» щыжиIэр. Мы Iэятхэр кьэхащ Мухьэмэд бегьымбарыр Мэчэ иIэпхъкIыу Мадинэ щыкIуа, бегьымбарым игуэсажэмэ мадинэдэхэмрэ зэкьуэзышIэрэкIэ щIыззыэвIа лъэхъэнэм - абы щыхьэт тохьуэ ежагъэшхуэ Iибн-Хьэббас. Мыри пщIэну щхьэпэ: нэхъ нужьыIэкIэ Iэятхэм хэль унафэр Алыхьым икъутэжащ, IэятыщIэ кьыригъэхри). **Алыхьыр сыт ищIысымкIи щыхьэтщ** (псоми щыгубгъэзэщ.

ПЩЫХЬЭЩIЭ ЛатIифф, *диныи и лэжьакIуэ.*

Исльамым и нур

Щхьэзыфiэфiыгъэр

● Нэхъыжьым и псалъэ

ЦIыху напэм и дыгъэри, и жьыбгъэри, и псэри Иманырщ. Ар зиIэр тэмэмэу, цIыхубзэм хуэщхьапээу псэунущ. Иманыншэм кьихьыфынур «банэщ», мыхъумыщIагъэхэрщ.

ЦIыхур гъэщIэгъуэну Тхьэм кьигъэщIащ. Мыпхуэдэу итщ КъурIэн Iущым: «Уэ цIыхухэ, Алыхьым и кьарур зэрыгъэнапкъэншэр фэ кьэфщIэнущ хуэм-хуэмурэ, дунеим и зэхэлъыкIэм щыгъуазэ зыхуэфащIуре».

Алыхьым и Iэмыркъэ цIыху дэтхэнэми и щхьэр фIыуэ елъагъуэ, зехьэмэж, мыхъумыщIагъэ куэдым запыIуедз. Ауэ уи щхьэм ифI фIэкIа ущемыгупсысым деж, гъуэгу захуэм утоКIри, укIытэр пфIокIуэд, Iуэху утоКIри, укIытэр пфIокIуэд, Iуэху мыщхьэпэхэм ухоупIэ.

Абы кьыхэкIы, щхьэзыфIэфIагъым зумыгъэтхьэкъуу, щхьэрыутIыпщ умыкъуу упсэупхъэщ. Ар щыпхуэзфIэкIынур Iиман лъэщ уиIэмэщ, гъащIэм уи щхьэми пщIэ хэзыщIмащ. Арыншамэ, уIиманышэмэ, фIым ухущIэкъуныкъым, тэмэму дунеим узэрытетыпхъэм уегупсысыжынкъым, зыбгъэщIынукъым. Аращи, гъащIэр фIыуэ плъагъуэ, си щхьэри бгъафIэмэ, фIым уущIокъу, дахагъэр, Iэужь къарзынэхэр уогъабгъуэ.

Ауэ уи щхьэ закъуэр хэпхыну, пIэтыну, нэгъуэщI Iуэхуэхэр зыуи кьыумыдзэну ухэтмэ, абы кьрикIуэнур мыгъуагъэ къудейщ. Псалъэм папщIэ, бззэрым тет сатуущIэ щхьэхуещэм, тэрэзэмкIэ хьэрэм ишхыгъэ, и мылькур егъэбагъуэ. КъуныкьущIа къэдур Iуэхьэм дехьэх. Лажьыгъэм зыпыIуэздзу, дыгъэныр, хъунщIэныр IэщIагъэ зыщIэхэри мащIэкъым. А псори гъэзу мыгъуэм теувауэ кьэтэлытапхъэщ.

ЦIыхум Иман щиIэм и дежь зыхещIэ и щхьэр фIыуэ зэрильагъуэкьыпхъэм, нэгъуэщIхэм зэрахущытыпхъэм я мардэхэр. ЦIыху псоми фIыуэ дахэтыпхъэщ, Iей зэрыдмылажьыным дыхуэсакъыу. Дыхуэямысакъмэ, гуэныхьхэр кьэтхъурэ, ахърэтым щыдагъэпшынькъыну.

Иманым щыщу ДыкъэзыгъэщIар, Абы и лIыкIэхэр, Хъыль льапIэхэр, мелыIычэр, кьэдэрыр (Тхьэм и унафэхэр) ди фIэщ хъуныр. Зи гугъу щIа Iуэхуэгъуэ дэтхэнэми зыубгъуауэ зэман-зэманкIэ дыщытопсэлъыхь ди хъутIбэхэм.

● КъуэкIыпIэ хъыбар

Тхьэм и тезырыр

щIакIуэм кьыжьэдэкIащ мыпхуэдэ псалъэхэр:

- Тхьэм и тезырыр нэхъ хьэлъащ, нэгъуэщI псоми нэхърэ. Ар сэ икъукIэ кьызохьэлъэкII!..

Абу-Алий аль-Мухьасин ат-Танухи. «Хьыбар гъэщIэгъуэнхэр тхылъым кьыхэтхащ.

● Тхьидэ

Фадэ зи нэрыгъэхэм...

♦Пасэрей Индием фадэр фIыуэ щалъагъуртэкъым. Дыкъым, бдзапщ, гъуапплъ гъэткIуахэм фадафхэр ирагъафрт.

♦Ижь Спартэм гъэр кьащIа пщылIэр фIыуэ ирагъафэти, щалэгъуалэм ирагъэлъагъурт, абыкIэ фадэм гущыкI хуратэщIыну.

♦Франккэм я император Карл Иным фадафхэр игу техуэрэтэкъым: япэ щIыкIэ пэш гъэбыдам, итIанэ щIыкI зэхуэсыпIэм тезыр щатрильхьэрт. А Iуэхугъуэхэм я ужькIэ «Iущ» мыхъуахэм я щхьэр пригъалъэрт.

♦XIX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм Инджкьызым абы и лъэныкъуэкIэ хабзэ гъэщIэгъуэн щыIащ: фадэр зи нэрыгъ хьэзэлIэхэм Iэятхэм щыныжькIыфIэ щрагъэтIагъэрт, и пщэм «фадафэ» жиIэу тетхауэ пхъэбгъу кIапэ пщIэхадзэрт, нэхъ дэжьыгъэ хьэлъэхэр, фIэй дыдэхэр ирагъэгъэзащIэрт.

● Ебланэ - тIощIрэ етIуанэ сурэхэр

КъурIэным и купщIэр

(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр №204-м итщ.).

7. Аль-Ахьраф (Лъагэхэр). Тхьидэ дерсыфIэхэр, Iэдэм гуэныхь кьызэрэзыщIар Iеймрэ фымрэ; Иблис и пагагьымрэ цIыху цIыкIым и гIасхъапIэхэмрэ; ди Iэужьхэм кьыпэкIыгъунхэр; Тхьэм и нэфIыр зыщIэлъыгъэ Нухь, Хьуд, Сэлихь, ЛутI, Шухьиб сымэ я бегьымбарыгъэр; Алыхьым иубзыхухэр гъэзэщIа зэрыхъур, Муса и льэпкъымрэ ар щIыналъэ псоми кьызэрыщIухутамрэ; Iэдэм и бынхэм я гъащIэ гъэгуанэхэр, яIа Иманыр зыхуэдэм тезыуэ кьэйжьыIуахэр, кьаймыхьIалахэр.

8. Аль-Анфаль (Къуентхьыр).Ислъам жылагъуэхэр кьызэрэзыщIар, Алыхьым щIыхь къаззэрыкъуэтыр; зауэм Алыхьым и Iэмыркъэ кьыщIахь къуентхъэхэр; Iейм узэребэнынур, хабзэ быдэ зэрыпхэлъпхъэр; Иманым и мыхьэнэр; теIуэныгъэм зэрыхущIэкъупхъэр, бэзэчагъыр, заугъэ фIыуэ зыхуэгъэхьэзырыр зэрыхуейр; текIуэныгъэр кьэпэхьэ нэфIыкIэ гущIэгъу зэрыпхэлъпхъэр.

9. Ат-Тауба (Тобэр). Мы сурэм и закъуэщ «Бисмиллахь» псалъэмкIэ хъыщIмыдзэр. Апхуэдэу щIыщытым и щхьэгъусэгъуэ щIэныгъэлI ящыныкъуэхэм кьалъытэ мэзи щIэныгъэ кьэкIуэ сурэм зэрыпыщIар. Нэхъыщхьэу зытепсэлъыхьэр: мажусийхэр мэжджытым щIыхьэ щIэмыхьунур, нэхъапэхэм цIыхухэм кьаIэрыхьа фIыщIагъэ лъапIэхэм цIыхуэр зэрыхэлэжьыхьар. ИкIэмкIыным Пэжыр сэтей кьызэрыхьур; Иман зиIэхэр я диным щхьэкIэ сыт хуэдэ бэнныгъэми зэрыхуэхьэзырыр, напитIэхэр, ахэр кьызэрыщIэщыр; Iейм гуащIэу ебэным зэрыхуейр: зи кьуанщагъэмкIэ зызэщIмысыжхэм, тобэ къэзылъхьыжхэм Алыхьыр зэрахуэгугIэгъэльыр; мусулымэным и пщэрыльэ нэхъыщхьэхэр, цIыхубзым щIэныгъэ егъэгъуэтын зэрыхуейр.

10. Йунус (Инус). Хьыбар тельыджэ. Тхьэм и закъуэныгъэм щхьэхуэ техъуэ щIыхь зэрыщIэлъыгъэхэр. ЦIыхур ДыкъэзыгъэщIам зэрыхущIыр, псори Алыхьым и деж зэрекIуэлIэжыр. ЦIыхум кьигупсыса кIэщIэнэ нэпцIхэр, цIыхуэхэр зэрыпIэхэм цIыхуэхэр зэрыхэлэжьыхьар. ИкIэмкIым Пэжыр сэтей кьызэрихьыр; Иман зиIэхэр я диным щхьэкIэ сыт хуэдэ бэнныгъэми зэрыхуэхьэзырыр, напитIэхэр, ахэр кьызэрыщIэщыр; Iейм гуащIэу ебэным зэрыхуейр: зи кьуанщагъэмкIэ зызэщIмысыжхэм, тобэ къэзылъхьыжхэм Алыхьыр зэрахуэгугIэгъэльыр; мусулымэным и пщэрыльэ нэхъыщхьэхэр, цIыхубзым щIэныгъэ егъэгъуэтын зэрыхуейр.

11. Худ (Хьуд). Алыхьым и гущIэгъуэр. ЦIыхум и щхьэзыфIэфIагъыр, хьэрэмагъыр, фIыщIэмышIу зэрыщыIар. Тхьэм и нэфIыр зыщIыуэ бегьымбархэу Нухь, Хьуд, ЛутI, Ибрэхьим, Шухьиб сымэ я къежIуэ ящIар, абыхэм я льэпкъхэр зэрыкIуэдар; Фирьхьунрэ абы хуэдэу тепщIегъуэр зыIыгъхэмрэ я пагагъыр, яхуэфащэ тезырхэр кьызэрыпльэгъэсыр.

12. Йусф (Иусф). Сурэм зи гугъу ищIыр Иср1ил и бынхэр Мысырым (Египетым) щытепсэлъыхьыжа льэхъэнэрщ. Йусф теуха хьыбарыр куэдым кьалъытэ КъурIэным и псоми я нэхъыфI дыдэу. Сыт щхьэкIэ? Зыубгъуауэ Тхьэм кьытхуеIуатэ Йусф и гъащIэр кьызэрекIуэкIар, ар гугъуехь Iэджэм зэрыхэтар, ауэ кьэмылаНджэу, бэшэч, и Иманыр зэи фIэмыкIуэну, хахуагъэ, цIыхугъэ хэлъу и кьалэнхэм зэрыпэрытар, кьепцIыжа, зыукIыну хэта и кьэушхэм Шухьиб сымэ я кьежIуэгъуэр, дапщэм зэхуэу, кьэлэну, гу кьабзэу зэрыщIэтар. Щапхъэ Iэгъэзэджэщ Йусф и цIыхуфIагъыр, сыт хуэдэ гъэнэхунэгъэми дахэу, и пщIэр фIэмыкIуэду кьызэрыхэкIыфыр, гущIэгъуныуэ, фым и уэнчыу зэрыпсэур, и кьалэнхэм зэрыхуэпажыр.

13. Ар-Рахьд (УафэгъуаГуэр). Хьыбар тельыджэм пэжагъыр, щIыуэпс кьэхъугъэжэм я нэщэнэхэр: цIыхур, лIа нэужь, кьызэрагъэхъужыр. Алыхьым и кьарур, гущIэгъур зэрыкинар, Абы сытри зэрыхуэфIэкIыр; Тхьэм иубзыхуа хабзэхэм цIыхуэхэр зэрахущытыр, мыжьыдзаIуэхэм ДыкъэзыгъэщIар зэрахуэгугъбжыр; пасэрей бегьымбархэр, Iиман зиIэхэр диным епIыжхэм зэратекIуэр.

14. Йбрахим (Ибрэхьим). Мы сурэм щынэхъыщхьэр Ибрэхьим бегьымбарыр Тхьэм зэрельэIуарщ и Iуэмэтыр кьихьыжьну, и Iыхьлъхэм я Iиманыр и гъэбыдэну. Мэчар щынагъуэнщэ щIыпIэ ищIыну. Апхуэдэ пщIэхэм щыщIынымыщIауэ, Тхьэм кьытхуегъэнаIуэ Iиманым (фIэщхъуныгъэм) и Iыхьэ нэхъыщхьэхэр, цIыхум и тхыдэм пыщIа Iуэхуэхэр, ар кьифIыгъэм кьыхихьыну нэхъум зэрыкуэкIыр, Муса бегьымбарыпэ нэхъыщхьэ и Iыхьлъхэмрэ я лIыкIэхэмрэ я лъэжьхэр, Тхьэм и закъуэныгъэр, лIыкIуэхэм ятеуха хьыбархэр, цIыхуэхэр ахърэтым зэрыкIуэнур, кьызэрыхуэзгъэжынур, Iэужьыяlаэр яшэчрэ, абыхэм яхуэфащэ тыгъэхэмрэ тезырхэмрэ кьаззэрыпльысынур.

15. Аль-Хиджр (Хьиджыр хэкур). Тхьэм кьыбгъэдэкIа хъыбар тельыджэхэр зыхуэгъэдэр, Абы и щIэныгъэр зэрыгъэнапкъэншэр, псори ахърэтым дызэрыкIуэжынур; дуней мыкIуэмышIащIэу кьызэрихьэмэр; Иброхьим зэрагъэгуфIа хъыбарыфIэр; Тхьэм фIыщIэрэ щытхъэрэ хуэщIын, щыгугъын зэрыкуэфIр.

16. Ан-Нахль (Бжьэхэр). Мы сурэм яэныкъуэ щIэныгъэлIэр ефIэкIуэну, ауэ ящ щхьэкIэ? Алыхьыр цIыхуэхэм кьаззэрыхуэупса фIыгъуэхэр зыубгъуауэ кьыщыгъэльэгъуауэщи. Абыхэм дахэ-дахэу ежгупсысым кьызгурыIуэн хуейщ ДыкъэзыгъэщIам и закъуэныгъэр, Абы и Пэжыр нэхъэсауэ икIи щэчышэу зэрыщыпIр, Абы кьигъащIахэм дэтхэнэ зыри зэращыщыр, хуэжьыщэнуи зэрифарэщр. Сурэм щыщыхьодзэ Алыхьым кьыдита Iыгъуэхэм я куэдагъэр, абыхэм фIыщIэмыщIихэр зэрыкъуанщэр, цIыхуэмрэ обществэмрэ я зэпыщIэнгъэр; Алыхьым щыщ псори - пщэхэри, Iещхэри, бжьэхэри, нэгъуэщIхэри - цIыхуэхэм кьазэрыхуэщхьэпэр; лIыкIуэхэм я зэфIэкIхэр, джаурхэм я Iэужь мыхъумыщIэхэр, Хьэрэмэр я гъуаэзу, Иброхьим бегьымбарыр я щапхъэу цIыхуэхэр захуагъэм, IэужьуфIхэм хуэпабгъэу хуэдэпсэуну кьаззэрыхуящIэрэ я жьыхьмэрэ) кьаззэрыщIыпсыжыну.

17. Аль-Исра1 (Жэщ гъуэгуанэ). Сурэм кьыхуоц мыпхуэдэ гупсысэ: льэпкъэгъэ, кьым, цIыху щхьэхуэхэщ гулъытэ хэха зыхуэщIыпхъэр, Мухьэмэд бегьымбарым и жэщ гъэгуанэ тельыджэм, Иерэшым джIуейуэ Тхьэ льапIэм зэрепсэльъам, нэмэз щIын зэрыкуэфIр кьызэрищIамИслъам диным зиужьыныжкIэ мыкьэнэщхьэ иIащ. Бегьымбарыр щыгъуазэ хьуащ Тхьэм и лIыкIуэхэм, нэхъапэхэм псэуахэм, я ахърэтыр зыхуэдэм, абыхэм я Iэужьхэм, гъащIам и Iэужьпсэгъуэ нэпцIхэм дапэлъащIащ щхьэкIэ Тхьэм кьытхуигъэлъагъуэ нэщэнэхэм, цIыхуэхэм я зэхущытыкIэхэр ефIэкIуэн щхьэжьIэ адэ-анэ, Iыхьлъхэм, сабийхэм, зеинщэхэм, хамэхэм гулъытэ ледзу зэрахуэтщIыпхъэм, пагагъым зэрарыгъэ пыщIахэм, кьабзагъэм хэти зэрыхущIэкъупхъэм, Иблис и гуэныхьхэм, цIыхуэхэм я зэфIэкIхэм зэрыхэхъуэнум, КъурIэным, нэмэз щIыным мыхьэнэшхуэ зэраIэм, ФыщIагъэ льапIэм дызыхуриджэ псори ныкъуэгъэныкъуэ зэрыдгъэзэщIапхъэм, Тхьэм дапщэщи фIыщIэрэ щытхъэрэ зэрыхуэтщIыпхъэм.

18. Аль-Кахф (Бгъуэнщагъыр). КъурIэныр уэзщIакIуэхуэщ. ЦIыхум и дуней гъащIэр кIэщIщ, шынагъэ, щэху куэд зыхэлIащ. Сурэм зи гугъу ищIыр Iуэхугъэкъым ящыщу бгъуэнщагъым щIэса, Иман зиIа щIэхъэм Тхьэм и гущIэгъур зэраIыысар, гъащIэм щIэх-щIэхыуэр зэрызихъуэжьыр, абыр зи Iэужьхэм, Тхьэм щэчхэм я Iэужьхэр зэрыдэкIыр, Муса, Зулькъэрней бегьымбархэм я хьыбархэр, Ахьрэтыр зыхуэдэр.

19. Марйам (Марйам). Алыхьыр зэрызакъуэр, Абы быни гуси зэриримыIэр. Зэрей бегьымбарыр щIэбла иIэну Тхьэм зэрельэIуар, а пъэIури кьызэрыхуищар. Ехья Тхьэм фIэлIыкIыну кьызэрихьуар, щыпкъэу, Iиман иIэу дунеим зэрытетар. Марйам и хьыбару ФIыщIагъэм итыр. Хьисэ бегьымбарыр дунеим кьызэрытехьар. Марйам IейкIэ кьыхуэпсалъэхэм захуигъэзэу, сабийм яжриIахэр. Иброхьим ишэча гугъуехьхэр. Хьэрун, Исмэхьил, Идрис бегьымбархэм я щапхъэфIхэр щIыхухэм дерс зэрахуэмыхьхьар. ЦIыхуэхэр кьэкIуэну зэманыр зыхуэдэнумкIэ зэрыжьэуапткIуэр, абыхэм Тхьэм и кьыхуеджэныгъэхэр зэхъуэпсыну яIуэн зэрыхуэмеIр.

20. Та-ха (ТIа-ха). Мы сурэр сэбэп ин хъуащ Гъумэр ибн ХьэтIтIабИслъам диныр кьищтэнымкIэ. Сурэм и кьурых гупсысэхэр зэтеуцуар: КъурIэн Iапхъэр Тхьэм кьыщIригъэхар, Муса, абы и къуэш Хьэрун сымэ лIыкIуэ зэрыхъар; Муса и сабийуэр зыхуэдар, ар Фирьхьэн и уардэунэм кьызэрыщыхутар, кьыдэкIуэтея ноужь, Иср1ил и бынхэм я Iэужьхэм щIэжар, ахэр ажалым зэращихъумар, ауэ икIэм-икIэжьым кьызэрепсыгъэр; дэтхэнэ цIыхури куэдкIэ зэрыжьэуапта-Куэр, нэмэзым псэр зэригъэжьаб33эр, Тхьэм и Пэжыр псоми зэратекIуэр.

21. Аль-Анбийа (Бегьымбархэр). Ахърэтыр кIуэ пэтми нэхъ гъэнэгъуэ зэрыхъуар; ЩIым Алыхь Iэмыркъэ текIуэдыкIа жылагъуэхэр, ахэр зыгъэщIагъэр; щIэныгъэм и нэщэнэхэр, бегьымбархэр ауан пIащIэу; щIэныгъэм и мыжьыщIэхэм ятехуэгъэ тезырхэр; Алыхьым дыкъызэригъэгуфэ псори зэригъэщащIэр, Ар гущIэгъуныуэ кьыщIэпхъэщIэтыр; Иброхьим, ЛутI, Дауд, Сулеймэн, Исмэхьил, Идрис, Зулькифл, Зэчрей, Зэн-Нун (Инус) бегьымбархэр ящIыным щыкуэд гурыщIэ нэпцIхэм зэрапэщIэтар; дин псоми я лъабжьэр зыуэ зэрыщыптыр; Ахърэтым щыкIу псоми кьаIэжьажьэр (жэнэтым и жьыхьмэрэ) кьаззэрыхущIыпсыжыну.

22.Аль-Хадж (Хьэжыр). Мы сурэр би бегьымбар льапIэм кьыхуеIуатэ, Мухьэмэд, жылагъуэ, гъуэгуанэм щытетми, зыщигъэпсэхуми, Мэчэ, Мадинэ кьалэхэм щыдэсми, зауэ щекIуэкIми, дунейр щымамыр ина. Нэхъыбэу зытеуцуар: щIыным пыщIа Iуэхуэхэр, Алыхьым дыззэрыхуэлэжьапхъэ щыкIэхэрщ, нэмэзым, щынэхъэм, пIэуэкIэ тэмэмым дыхуэезыдж щапхъэхэрщ. Алыхьым гу лыдгъэкIэ Iиман быдэм, пэжыгъэ нэсым, хэж щIыным я пкъыгъэхэм, я щIэныгъэм и мыхьэнэр зэрыиным, мыхьумыщIагъэхэм ящIэрыщIыпсыжыну. Абы щыщ: я щIэныгъэ зэрыщIэхъуэжьыр, щIэныгъэм и нэщэнэхэр, бегьымбархэр ауан пIащIэу; щIэныгъэм и мыжьыщIэхэм ятехуэгъэ тезырхэр; Алыхьым дыкъызэригъэгуфэ псори зэригъэщащIэр, Ар гущIэгъуныуэ кьыщIэпхъэщIэтыр; Иброхьим, ЛутI, Дауд, Сулеймэн, Исмэхьил, Идрис, Зулькифл, Зэчрей, Зэн-Нун (Инус) бегьымбархэр ящIыным щыкуэд гурыщIэ нэпцIхэм зэрапэщIэтар; дин псоми я лъабжьэр зыуэ зэрыщыптыр; Ахърэтым щыкIу псоми кьаIэжьажьэр (жэнэтым и жьыхьмэрэ) кьаззэрыхущIыпсыжыну.

Зыгъэхьэзырар **ТЕМЫРЖАН - ЕМЫКI Галинэщ.**

(КъыкIэлъыкIуэнущ).

● Хьэдисхэр

Зэманымрэ узыншагъэмрэ

♦ЩIэныгъэ зэбгъэгъуэтыну ухуеймэ, умыщхьэх, Китаймэ нэс укIуэн хуэй хуэмэну.

♦Шэч кьызытепхъэр умылажь. Узытелэжьапхъэр быдэу уи фIэщ хъурщ.

♦УмуслымэнымфIмэ, уи Iэужь зыхэмылъымэ ухэмыIэбэ.

♦Дэнэ ущыIэми, Алыхьым фIэлIыкI. Мыхьумыщ1агъэ гуэр пIэщIэкIамэ, ар Iужьфкlэ гъэзэкIуэж.

♦Хэри зэрари узыхуэмыхьэж, нэгъуэщIхэми ухуэмыхьу.

♦Ахърэтыфl кIэ иремыгугъэ Iиман зимыIэхэр. Иманыр иркIуэу щыгъуэтынур фIыуэ фызэрыпльагъуэщ.

♦Хабзэкъутэщ икIи гуэныхьлыщ щIыхубзэм и мылъкур зэрыльэфIэр.

♦Iей ГъэIэм кьыпхуегъэгъу, унту кьэкIами, блэжьынну ухуэмысамэ.

♦Сэдэжь щыпткIэ, уи мылъкум зыри хэщIыркъым.

♦ЩIыхуэр нэхъыбэу зытекIуадэр мы IуэхугъуэщIырщ: нэпсеигъэр, зыхьыфIэщIыжьынытыгэр, гурыщIэ мыщхьэпэхэр.

♦Уи ГъэгъуэхэмпщIэ яхуэщI, уи анэм хэдэу.

♦Сэдэжь щыпткIэ, уи мылъкум зыри хэщIыркъым.

♦ТыгъэфIэкмкIэ фызэхуэупсэ, фIыуэ фызэрыпльагъуэ.

♦ГъащIэр зэрыхъур махуищщ: дыгъуасэ, нобэ, пщIдей. Дыгъуасэр фIэкIащ, пщIдеймэ псэуэ дынэмысынымэ тщIэркъым, абы фIыкIэкIыну Iуэхуфl кIэ вгъэнщI нобэрей махуэр.

♦Нэхъ щIыху Iей дыдэкэр, диным хуэлажьэ хуэдэурэ, зи зыхэмылъымэ ухэмыIэбэ.

♦Гуэныхь кьызэрыпхъам урипагэныр егъэ гуэныхьмэ нэхърэ нэхъыкIэжщ.

♦Щыпкъэгъэр (цIыхуфIагъыр) фIыгъуэшхуэхэм я хэкIыпIэщ.

♦Алыхьым фIыуэ елъагъу зи ерыскъыр гуащIэдэкI хьэлэлкIэ кьэзыIэжьхэр.

♦Купщ1афIэу, сэбэп зыпльэхэр кьыбжьэдэкIыуэр я псалъэ е зыри жумыIэ.

♦Гуэзэхэм и фIэщхъуныгъэр тIасхъэщ.

♦Пылъыр щымыщIэу куэдрэ псэуну хуейр и адэ-анэм гуапэу яхущет, пщIэ яхунщIу, сыт и лъэныкъуэкIи фIы зэрахущIэным хущIэкъуу.

♦Зэманымрэ узыншагъэмрэ куэдыр зыхуэмысакъ, зэмыгугъу, зэмыгупсыс фIыгъуэшхуэщ.

Зэхуэзыхьэсар **КЪУЩ Билащ.**

● Ебланэ - тIощIрэ етIуанэ сурэхэр

КъурIэным и купщIэр

я нэщэнэхэр: цIыхур, лIа нэужь, кьызэрагъэхъужыр. Алыхьым и кьарур, гущIэгъур зэрыкинар, Абы сытри зэрыхуэфIэкIыр; Тхьэм иубзыхуа хабзэхэм цIыхуэхэр зэрахущытыр, мыжьыдзаIуэхэм ДыкъэзыгъэщIар зэрахуэгугъбжыр; пасэрей бегьымбархэр, Iиман зиIэхэр диным епIыжхэм зэратекIуэр.

14. Йбрахим (Иброхьим). Мы сурэм щынэхъыщхьэр Иброхьим бегьымбарыр Тхьэм зэрельэIуарщ и Iуэмэтыр кьихьыжьну, и Iыхьлъхэм я Iиманыр и гъэбыдэну. Мэчар щынагъуэнщэ щIыпIэ ищIыну. Апхуэдэ пщIэхэм щыщIынымыщIауэ, Тхьэм кьытхуегъэнаIуэ Iиманым (фIэщхъуныгъэм) и Iыхьэ нэхъыщхьэхэр, цIыхум и тхыдэм пыщIа Iуэхуэхэр, ар кьифIыгъэм кьыхихьыну нэхъум зэрыкуэкIыр, Муса бегьымбарыпэ нэхъыщхьэ и Iыхьлъхэмрэ я лIыкIэхэмрэ я лъэжьхэр, Тхьэм и закъуэныгъэр, лIыкIуэхэм ятеуха хьыбархэр, цIыхуэхэр ахърэтым зэрыкIуэнур, кьызэрыхуэзгъэжынур, Iэужьяlаэр яшэчрэ, абыхэм яхуэфащэ тыгъэхэмрэ тезырхэмрэ кьаззэрыпльысынур.

**15. Аль-Х

Хьэрхуэрэгъухэр къыткIэроху

● Футбол

«Москва» (Мэзкуу) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 0:2 (0:1). ЩэкIуэгъуэм и 21-м. Мэзкуу. Стрельцовым и цIэр зезыхь стадион. ЦIыху 1000 епльащ.

Судьяр СУХИНЭ (Малаховкэ), Харламов (Тобольск), Богач (Люберцы).

«Москва»: Жевнов, Набабкин, Шешуков, Епуряну, Дакостэ, Самедов, Вукич (Илич, 81), Тарасов (Стрелков, 46), Ребко, Чеснаускис, Якубкэ.

«Спартак-Налшык»: Хомич, Феррейрэ, Джудович, Амисулашвили, Ятченкэ, Леандру, Киценков, Джатэрыв, Сирадзе (Овчинников, 83), Бикмаев (Самсонов, 74), Асильдаров (Концевой, 90+2).

Топхэр дагъэкIащ: Сирадзе, 25 (0:1). Асильдаров, 52 (0:2).

Дагъуэ хуащIащ Тарасовым, Киценковым, Джатэрыв.

ЩЭБЭТ кIуам Мэзкуу щекIуэкIа зэIущIэм командитIым я дежкIи мыхьэнэшхуэ иIэт. Зэхьэзэхуэм и жэз медалхэм хущIэкъу «Москва»-м текIуэныгъэ кьихьмэ, и хьуэпсапIэр кьехъулIэ хуэдэт, «Спартак-Налшыкым» къыкIэлъеIэ «Кубань»-р зыкIэригъэхун хуейт.

ЗэIущIэр хьэщIэхэм нэхъ жыдэжру къыщIадзащ. Зыбжанэрэ ди футболистхэм топыр Асильдаровым и деж нахьэсащ икIи мэзкуудэсхэм я гъущхьэхьумэхэр щIэхщIэхыурэ ягъэтгъазвэрт, уеблэмэ Жевновыр Iуэхум щыхьыаи къэхъуащ. Апхуэдэу Сирадзе лъэщу зэуа топыр зымащIэкIэ гъуэм щхьэпрылъэтащ.

Я1пэ Iыхьэм хуэхаха зэманым и ныкъуэм щIигъуауэ Бикмаевым топыр Асильдаровым и лъэныкъуэмкIэ кьитащ. Щамиа ар нэхъ гъунэгъуу щыт Сирадзе хуигъэжащ. «Спартак-Налшыкым» и куржы гъуащхьауэм зыкъитгъазэри лъэщу еуащ икIи гъуащхьэхьумитIымрэ гъуащхьэтетымрэ я лъакъуэ зэхуакумкIэ дэкIри, топыр гъуэм дыхьащ.

КъыкIэлъыкIуэебгъэрыкIуэныгъэми лъэныкъэсхэм екъулIэныгъэ къахуихьыным иIэжар, ауэ текуахьым. Мэзкуудэсхэр хэпщIыкIыу нэхъ жыдэжр къэхъуат, щIэх-щIэхуэрэ хьэщIэхэм я лъэныкъуэмкIэ топыр къахьэсыт икIи зыбжанэрэ кьеуащ. Апхуэдэу Ребко еуа нэхъ ужь, ди командэр иджыри зэ пкъом кьригъэлащ.

«Москва»-м топ дигъэкIыну къыкъуэхъеIа иужьрей Iэмалыр щIар кIэух дыдэ дакъикъэрщ. Чеснаускис и лъэныкъуэмкIэ къэлъатэ топым Iэзэу Хомич кьримащIащ. Бикмаевым кьита топым Асильдаровыр лъэIэсакъым икIи гъуащхьэхьумэхэм къакъуэжа Леандру гъуэм техуакъым.

Зэхьэзэхуэм и медалхэм щыгугъ «Москва»-м апхуэдэу тыншу зитыну зигъэхьэзырыгъэкъым. Зэман дэкIри, Самедовым и командэм ебгъэрыкIуэу щIидзащ. Якубкэ и лъэныкъуэмкIэ къита топыр Амисулашвилирэ Джудовичрэ къахуэгъэзыIакъым икIи мэзкуудэсыр гъуэм ирагъэуащ. Ди щIалэхэр топыр гъущхьэм зэрытехуам кьриГъэлащ. Хэгъэрейхэр иджыри зэ Хомич и гъуэм екIуэлIащ. АрщхьэкIэ «Москва»-м и гъущхьэхьумэныкъуэ Вукич гъущхьэтетым пэжыжьэ плIанэпэм текуахьэ.

ЩытыкIэр игъэзэкIуэжьм мурадкIэ, мэзкуудэсхэм я тренерым зэIущIэм иджыри зы гъущхьауэ кьыхихьэхьащ. ХьэщIэхэр абы зыкIи кьригъэкIуэтакъым. Уеблэмэ ахэр нэхъ ерыщу я хьэрхуэрэгъухэм я лъэныкъуэмкIэ я насыпым щылъыхьуэрт. ИкIи щIэх щIэхдэу кьагъуэятащ. Топыр къызыIэрихьа Асильдаровыр гъуащхьэхьумэм кьыпекIуэкIщ, штрафнойм щихьэм зыкъиштащIри лъэщу еуащ икIи гъуэм кьыдэкIауэ абы кьыхуэкIуэ Жевновым ар IэщIигъэкIащ - 0:2.

КъыкIэлъыкIуэ дакъикъэхэм «Спартак-Налшыкым» и джагуКIри нэхъ кIащхьэ кьэхъуащ. Хэгъэрейхэм я гъущхьэхьаитIыр абы и фIыгъэкIэ нэхъ хуит кьэхъуащ. АрщхьэкIэ джэгум кьыхихьащIащIэ Стрелковым ар кьыхуэгъэсэбэпакъым. Самедовым кьрита топыр абы гъуэм игъэкIуэным зымащIэщ щIэжкар, ауэ техуакъым. Мэзкуудэсхэр хэпщIыкIыу нэхъ жыдэжр къэхъуат, щIэх-щIэхуэрэ хьэщIэхэм я лъэныкъуэмкIэ топыр къахьэсыт икIи зыбжанэрэ кьеуащ. Апхуэдэу Ребко еуа нэхъ ужь, ди командэр иджыри зэ пкъом кьригъэлащ.

«Москва»-м топ дигъэкIыну къыкъуэхъеIа иужьрей Iэмалыр щIар кIэух дыдэ дакъикъэрщ. Чеснаускис и лъэныкъуэмкIэ къэлъатэ топым Iэзэу Хомич кьригъэгъэзащ, ар къэзыпкъуэтэжа Якубкэ и лъакъуэм зыщIидзэри, кьиГъэувыIащ.

Арати, «Спартак-Налшыкыр» етхуанэ зэкIэлъхьэужьу нэгъуэщI кьалэхэм къащIыхагъащIэркъым икIи премьер-лигэм кьызэрыхэнэнымкIэ щэч кьытозымыгъэхьэ текIуэныгъэр зыIэригъэхащ. Абы и фIыгъэкIэ етIанэгъэ етхуанэу ди щIалэхэр УФ-м и командэ нэхъыфIхэм яхэтынущ. Зэхьэзэхуэм и жэз медалхэр IэщIэкIауэ хуэбгъэфащэ хьунущ «Москва»-ми.

ТIощIрэ ебгъуанэ джэгугъуэм етIуанэ дыщэ медалыр къыхуихащ «Рубин»-м. Къэзан щIэIэу «Зенит»-м 0:0-у дэджэгуа пэтми, ар ягъуэру чемпионщ. Абыхэм къакIэлъеIэ Мэзкуу и «Спартак»-р ЦСКА-м кьигъэувыIащ, 2:3-уэ хигъащIэри. Мы гъэм «Спартак»-м кьыльысынур дыжьын медалхэрщ. Ещанэ увыпIэм щхьэкIэ иджыри зэпэщIэтыныгъэ гъащIэ иокIуэкI.

ЕтIанэгъэ «Химки»-м и гъуэгу я1пэ дивизионым щыджэгунри зэхэкIыпащкъым. Иджы премьер-лигэм кьызэхэнэ щхьэкIэ зонькъэкъу «Тэрч»-м Грознэм 0:1-уэ щытекIуа «Кубань»-мрэ «Томь»-м 2:1-уэ хигъэщIа «Ростов»-мрэ.

Адрей зэIущIэхэр мыпхуэдэу ихуащ: **«Динамо» - «Локомотив» - 0:2, «Сатурн» - «Крылья Советов» - 3:1, «Амкар» - «Химки» - 2:0.**

ЖЫЛАСЭ Замир.

Премьер-лигэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIым и тепльэр

Командэхэр	Дж.	Кь.	З.	Фl.	Т.	О.
1. «Рубин»	29	18	6	5	59-21	60
2. «Спартак»	29	17	4	8	60-31	55
3. «Зенит»	29	14	9	6	46-26	51
4. «Локомотив»	29	14	9	6	40-29	51
5. ЦСКА	29	15	4	10	45-30	49
6. «Москва»	29	13	9	7	38-26	48
7. «Сатурн»	29	13	6	10	38-38	45
8. «Динамо»	29	11	6	12	29-36	39
9. «Томь»	29	10	8	11	28-38	38
10. «Крылья Советов»	29	10	6	13	31-39	36
11. «Тэрч»	29	9	6	14	31-44	33
12. «Амкар»	29	8	8	13	26-36	32
13. «Спартак-Налшык»	29	7	11	11	32-31	32
14. «Ростов»	29	7	10	12	27-38	31
15. «Кубань»	29	6	10	13	23-48	28
16. «Химки»	29	2	4	23	19-61	10

Ди гъуащхьэтеуэхэри ебгъэрыкIуэрт.

● Дифl догъэлъапIэ

Адыгэ гъуазджэм и вагъуэщIэ

Бэрэгъун Марианнэ

***Налшык дэт Музыкэ театрыр къыхэзыIэхэр нтъэ 40 щрикъум (2008 гъэм и мэлыжьыхь маззм) а Iуэгугъуэм хухэтха газет напэкIуэцIхэм ихунэу тхыгъэхэр зГъэжьэзырыри пащIэ сэ я Iуэхущапхэм сыкIуат. Сызыбгъэдыхьауэ, къэзгъэпсэльауэ хьуам абы щыгъуэ, фIыкIэ узыщыхьэгъуэ уэрэджьыкIуэу къальытэу, гуаныр и гугъу къыхсхуащIат театрым и солистхэ Бэрэгъун Марианнэ. Апхуэдэу и гуащIэм, и пэжыгъэм нфI эрызыхэсхэмрэ макъ дахэкIэ жиIэ уэрэдхэмрэ фIэкIа сыщымыгъуазэу ди къалэм и уэрамхэм къыфIэхутащ Бэрэгъуным и концертым, къыщигъэкIа альбомыщIэм и «лъэтеувэм» щыхуэхэр зэрыригъэблагъэ хьыбарегъащIэхэр. Нэхьыбэм зэрытащI хабзэм хуэдэу, пщыхьым дыкIуэрэ абы щытпъэгъуэхэр тухьакии хьуну къыщIэкIынт, ауэ сэ сыхуейт зи гъащIэм, зи гуащIэм мащIэ дыдэ фIэкIа хэзымыщыкI (республикэм щыпсэуэ-ну фIы дыдэу яIыхьу, я пэIуасэу си фIэщ хъуркъым) ди щIэджыкIакIуэхэм Марианнэ из хъ гъунэгъуу къезгъэдыхьуну. Концертым зыхэзыгъэхьэзыр бзыгъхьугъэм дыззхунгъаэрэ дызригъэпсальэмэ сызэригуапэр щыжесIэм, сигъащIэхъуакъым, и Iуэху псори зригъэтIысхьэкIри, «Адыгэ псалъэм» къытхуебгъэгащ.

БЭРЭГЪУН Марианнэ Ърч районым хыхьэБотэщей (Плановскэ) кIуаужьм щыщалъхуащ. Илъэсибл щыгъхьум ар щIэтIысхьащ Ърч макъамэ школым фортепианэмкIэ и къудамэм. Я упчIэгъэ Калугэ областым и Тарусэ къалэм Iэпхъэгъэ, еджэн къыщиухыжкар аращ. Курыт еджапIэ неужьым Марианнэ Налшык дэт музыкэ училищэм (иджы ЩэнхабзэмкIэ колледжым) уэрэджьыIэныкIэ и къудамэм щIэтIысхьащ, КъБР-мрэ Ингуш Республикэмрэ щIыхь зиIэ я артистхэ Даур Иринэ иригъэджащ.

- Бгъэ дыдэу сигу кьинащ Музыкэ театрым сызэрыщIалъэжьа илъэси 9-р, - жеIэ Марианнэ. - Iуэху зыдэсщIэр гуп гъэщIэгъуэнти, махуэ кьэс щIэщыгъуэу, сытемызашэу, махуэщхуэм хуэдэу а Iуэхущапхэм сыкIуэрт. СызэрыщыкIу льандэрэ сызыщIэхъуэпсыр, я1пэм щыIа щыгъынхэр щыстIэгъэныр, кьыхэзыIат. Родыгьбзанэ щызгъэзэщIащ театрым, Верди Джузеппе и «Травиата»-р, «Риголетто» оперэхэм сыхэтащ. Псом хуэмыдау си гум гуапэу кьинащ сызыхэта сабий спектакIэр. Сыту жыIэмэ, щыкIуэхэр зэи кьыпхуэгъэщIэнукъым, гуфIэмэ, я1у ирохь, гукъыдэж ямыIэрэ - льтагъэр гунэс щыщыхьурыкъым. Макъамэ щыгъуэ дунейпсо щэнхабзэмкIэ ильэситIкIэ щезгъэджа еджапIэ-интернат №1-м и гъэсэн щыкIуэр театрым кьэкIуэу щIэуащIэуэ щысхуэIэтIкIэ, сытым хуэдэу сыгушхуэрэтI..

ИльэспIэI ныбжьым зрит льандэрэ уэрэд жьIэныр фIыуэ зыльтагъу, и артист хьэпхэр кьэзыгъэнIэIуэ, нужькIэ школым сыт хуэдэ гуфIэгъуэ зэкIыхьэ щемыкIуэкIэмкI хэт Бэрэгъуныр кьыщIыхуа инагъуэм ГъэрэгъуэнкIыжьмкIэ, и адэ Чьлэний дзапэ уэрэдыр зыхилъхьэ щыIэтэкIым, и анэ Нинэщэ, еджапIэм кьыщызэрагъэпэщ самодеятельнэ ансамблхэм, хорым хэтащ, макъ хъарзынэ иIэщ, екIуу кьоофэ.

- Хэт ижьыми сщIэрэкъым кьытщIихуар, ауэ ди унагъуэм щыщу щыхуиц макъамэм дыхуеджащ. Си щыпхъу нэхьыжь Марие культпросветучилищэм щеджащ, нужькIэ Краснодар дэт щхьэхабзэмкIэ институтым и оркестр кьудамэр кьунхащ. Си дэтхэу нэхьыжьыр пшынэм хуеджащ, АрщхьэкIэ, сэ зыгращ артист пъаГъуэм ирикIуар, - жеIэ Марианнэ.

Илъэсым нэблэгъащ Бэрэгъун Марианнэ Москва псэупIэ зэрыхуэхъуэр, абы зэрыщылажьэрэ. Студиехэм и уэрэдхэр щетх, урысей композит орэм я Iадагьэщ1экI зыбжанэ егъэзащIэ. Апхуэдэуи ар щолажьэ «Акъбащ» зи фIэщыгъэцIэ рестораным.

- Ди республикэм и артистхэм илъэс и пэкIэ сраГъэщIхуауэ щытащ «Актъбащыр» зей Кlэрэф Руслан, - игу кьеГъэкIыж Марианнэ. - Тэкlу сызыщытхъужьнщи, абы си макъыр игу ирихьат, и IуэхущапIэм сыщригъэблагъэми, «хьуэ» схужьIакъым. Москва сыщыIэ щхьэкIэ, кьалэщхуэм сыхэшпсыхьакъым, ди рестораным экраныщхуэ фIэлъэщи, сытым дежи пъэпкъ фащэр сщыгъыу зытрезгъэха клипхэр кьыдогъэлъагъуэ, адыгэ уэрэдхэр согъэзащIэ, ди пъэпкъэгъуэхэр щIэх-щIэхыурэ ныткъоблагъэри, абыхэм Руслан сагерГъэщIыу. КIэщIу жьIпэмэ, ди щэнхабзэр, ди хабзэр абы утыку кьыщыдохьэ, «адыгэ хьыджэбзым и щапхъэщIжьаIэфын хуэдэу сыхуэпсэу, сызэпIэзэрыту фIэкIа рестораным зыщщыкIэзэпсэхуэм сакъыхьхьэркъым.

Бэрэгъуныр Москва адыгэ уэрэдхэр зэрыщыгъэзащIэм теухуа хьыбар ильщ интернетым, езыхэми ущедэIуэфынущ. «Нарт ТВ»-мкIэ абы и клипхэр кьызэрагъэльагъуэм и фIыгъэкIэ, Марианнэ из кьыщащIыху Сириием, Иорданием, нэгъуэщI къэралхэми. А каналым и журналистхэр кьакIуэри, езы уэрэджьыIакIуэми ар щылажьэ ресторанэ я ятеуауэ нэтын ятIэхъэзырауэ щытащ. Апхуэдэуи мазэм щIигъуэкI ар къаГъэльэгъащ «Шансон ТВ» канальмкIэ. Я1пэ дыдэу кьэхьуу аращ абы адыгэ уэрэд кьэту: Марианнэ и роликищ - адыгэбзэкIэ тIуэрэ урысыбзэкIэ зырэ - кьыщеуащ абы.

Москва уэрэд щыжиIэ кьудедевным Марианнэ. Ар кьалащхьэм дэт университетхэм я ящыщ зым туризмэмрэ сервисымкIэ и къудамэм щIэтIысхьауэ заочнэу йоджэ.

- Театрым, абы щылажьэхэм, классикэ макъамэ гъэзэщIэным, ди къалэм, уэрамхэм сахуозэщ, - жеIэ Марианнэ. - Ауэ сыхущIегъуэжьыркъым, сыту жьIпIэмэ щыхур щIэкIэ бзкъуэуэ зыгъэщIэн, нэхьыфIым хущIэкъуфхущ. Москва нэхьыбэ щыпхъэщIэнущ, утыкущхъэм нэхъ ихьэфынущ. Абы унэмыси, ун щхьэ зэрыбгъэпсэужьыфын нэхъ кьыщыпIуэжьынущ.

Пщэдей пщыхьэщхьэ Мурад щIащ «Москва»-м и гъущхьэхьумэныкъуэ Масловым. ИкIи зэIущIэм и 70-нэ дакъикъэм бжьгъэр 4:0-м нигъэсащ.

АдкIэ щыгъуаэз фыхуодощI адрей командэхэр зэрызэдджэгуам кьрикIуа бжьгъэхэм: «Динамо» - «Локомотив» - 0:0, «Рубин» - «Зенит» - 0:2, «Спартак» - ЦСКА - 3:1, «Тэрч» - «Кубань» - 1:0, «Сатурн» - «Крылья Советов» - 4:0, «Амкар» - «Химки» - 5:0.

КЪЭХЪУН Бэч.

● Прохладнэ куей

Зэкъуэтыныгъэм толажьэ

Пъэпкъхэр зэкъуэгъэуэвэныр куэдкIэ зэлъытауэ къалъытэ щэнхабзэм. IуэрыIуатэм ехьэла 18-нэ фестиваль Мейкъуапэ щекIуэкIащ.

КъЭБЭРДЕЙ-Балькъэрым кьыбгъэдэкIыу абы хэтащ Прохладнэ куейм и «Любава» цIыхубэ ансамблыр икIи саугъэт нэхъыщхьэр къихьауэ къигъэзэжащ.

Къэзакъ цIыхубэ уэрэдхэр зыгъэзащIэ хорым и унафэщI Овчинников Валерий зэрыжиIэмкIэ, мы зэманым Прохладнэ щIыналъэм Щэнхабзэмкlэ и центрым унэтIныныгъэу 20-м нэс иIэщ. Лэжьыгъэшхуэхэр щокIуэкI адыгэ, балъкъэр щэнхабзэм, Iуэрыlуатэм яхуэгъэпса къудамэхэм. КъэфакIэ, уэрэджьыкIэу ансамблхэм гупыж ёIэу къокIуадIэ Альтуд, Къэрэгъэщ, Заречнэ жьылагъуэхэм щыпсэу щIалэгъуалэри нэхъ нЫбжь зиIэхэри. Районым щIэх-щIэныгъэ щIагъэжьауэ гуфIэгъуэ зэхьыбэхэр льэпкъ псоми зэхуэдэу яIэт, ягъэбжьыдIэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Футболистхэр зэхуэдэ

БжыгъэшхуэкIэ къыхагъащIэ

«Москва» (Мэзкуу) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 4:0 (3:0). ЩэкIуэгъуэм и 20-м. Мэзкуу. Стрельцовым и цIэр зезыхь стадион. ЦIыху 200 епльащ.

Судьяр Матюнин (Мэзкуу).

«Москва»: Поляков, Поярков, Устинов, Концедалов А., Хозин (Харламов, 67), Голышев (Голанов, 75), Рылов (Белов, 82), Кутепов (Елисеев, 69), Коломейцев (Рогов, 68), Петраков, Маслов (Сипатов, 74).

«Спартак-Налшык»: Щоджэн А., Плиев, КIыщ, Соблыр, Концедалов Р. (Концевой, 46), Михеев (Захаров, 61), Кхьэныхь (Михайлов, 46), Зрум, Къэжер, Овчинников (Алчагиров, 46), Гъубж (Митришев, 72).

Топхэр дагъэкIащ: Рылов, 24 - 1:0. Голышев, 36 - 2:0. Рылов, 45 - 3:0. Маслов, 70 - 4:0.

Дагъуэ хуащIащ Голановым, Концевой, Захаровым, Зрумым, Къэжерым.

Джэгум кьыхахуащ Концевойр.

МЭРЕМ кIуам «Спартак-Налшыкыр» Мэзкуу щыIущIащ «Москва»-м. 29-нэ джэгугъуэм налшыкдэсхэр 8-нэ увыпIэм щыту ирихьэлIат. Мэзкуудэсхэр абыхэм нэхъ я зы увыпIэкIэ нэхъ лъагэт.

Хэгъэрейхэм зэрахабзэу, ипэ дакъикъэхэм кьыщыщIэдзауэ «Москва»-м ебгъэрыкIуэ щIидзащ. «Спартак-Налшыкым» зихьэмрэ мыхьэмэ, и хьэрхуэрэгъухэм япигъэувын кьару иIэтэкъым.

Мэзкуудэсхэм я ерыщагъым 24-нэ дакъикъэм екъулIэныгъэ кьахуихьащ. Гъущхьэхьумэныкъуэ Рыловыр хьэщIэхэм я штрафнойм кьекIуалIэри, лъэщу топым еуащ икIи Щоджэнным пэжыжьэ плIанэпэм кIуэ топым кьыхуегъэгъэзакъым - 1:0.

ДакъикъипщI нэхъ дэмыкIыу «Москва»-м бжьгъэр игъэбгъэуащ. ебгъэрыкIуэныгъэм хэту топыр кьыщыIэрыхьа Голышевыр гъуащхьэхьумэхэм кьапекIуэкIат, етIуанэ топыр дигъэкIащ.

ЗэкIэлъхьэужьу кьыхуадгъэкIа топитIым («Спартак-Налшыкым» и футболистхэм я льэр щIиудащ. ЗыкъащIэжьну хунэмыс щIыкIэ, зэIущIэм и етIуанэ топыр дигъэкIащ Рыловым - 3:0.

ЗэIущIэм и етIуанэ Iыхьэм я1пэм хуэдэу «Москва»-р ипэкIэ кIуатэртэкъым. Арэзы къэзыщI бжьгъэр зэрахьэумэным кьару нэхъыбэ хэгъэрейхэм хухахырт. Ди щIалэхэм кьызэрагъэпэщ ебгъэрыкIуэныгъэ закъуэтIакъым хуэфэщэн кIэух я1ыгъэтырэкъым.

А махуэм мыхьэнэшэу джэгу и хьэрхуэрэгъуэхэм я ящыщ зым щыщIэжанкIыну мурад ищIащ «Москва»-м и гъуащхьэхьумэм Масловым. ИкIи зэIущIэм и 70-нэ дакъикъэм бжьгъэр 4:0-м нигъэсащ.

АдкIэ щыгъуаэз фыхуодощI адрей командэхэр зэрызэдджэгуам кьрикIуа бжьгъэхэм: «Динамо» - «Локомотив» - 0:0, «Рубин» - «Зенит» - 0:2, «Спартак» - ЦСКА - 3:1, «Тэрч» - «Кубань» - 1:0, «Сатурн» - «Крылья Советов» - 4:0, «Амкар» - «Химки» - 5:0.

КЪЭХЪУН Бэч.

ЗэIущIэ нэужьым

КРАСНОЖАН Юрэ,
«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:

Къалэн нэхъ лъагэхэр зыхуэдгъэувыжьын хуейщ

- Нобэ Тхьэр кьыддэIэпыкъуауэ кьысщохьу. «Москва»-м Iэмал хъарзынэхэр иIащ, ауэ кьехъулIакъым. Хэт ищIэрэ, нобэрей текIуэныгъэр командэр апхуэдизу гугъу зэрехьам и тыгъэ кьыщIэкIынщ. Ди кIэн кьыкIри, я1пэ топыр дэдгъэкIащ, етIуанэри игъуэу кьыщIэкIащ.

Бжьгъэр 0:2 щыхьам, ди гуащхьэхьумэхэм щыуагъэхэр яIэщIэкIащ, ауэ кIэух бжьыгъэр тхъумащ.

- Премьер-лигэм фыкъызэрыхэнар дапщэщ щыбгъэтхэпIэнуэ?

- Чемпионатыр иджыри нухакъым. ЩIалэхэм махуитI загъэнсэгъуу естащ. Гъубжым дыззэуэсыжьынуэ кьыкIэлъытыкIуэ зэIущIэм зыхуэдгъэхьэзырынущ. Мы гъэм кьалэныщхуэ диIакъым, ауэ си гуапэщ «Спартак-Налшыкыр» етIанэгъэ премьер-лигэм зэрыщыдджэгунур.

- Илъэсищ хьуауэ «Спартак-Налшыкыр» премьер-лигэм кьыхэнэн щхьэкIэ бэнэныгъэ гуащIэхэр ивогъэкIуэкI. Бужэгъуакъэ апхуэдэ щытыкIэр? Командэ нэхъ гъэщIэгъуэн хуэфащэ?

- Ди кьалэн нэхъыщхьэхэр нэхъыфIкIэ схъуэжьну сыхуейщ.

БОЖОВИЧ Мэодраг,
«Москва»-м и тренер нэхъыщхьэ:

Командэр тэмэму згъэхьэзыракъым

- ИкъукIэ мыхьэнэншэу нобэрей зэIущIэр кьыщIэддзащ, псынщIэу зэIущ топ кьыхатудагъэкIащ, гукъыдэжьнщэу дыдджэгуащ. ЕтIуанэ Iыхьэмэ псынщIэу топ кьытхудагъэкIащ. Iэмалхэр диIащ, ауэ кьыдэ хъуIакъым. Налшыкдэсхэм яхуэфащэу кьаХьа текIуэныгъэмкIэ сохъуэхъу.

- ЗэIущIэм и етIуанэ Iыхьэм Тарасовыр СтрелковымкIэ щхьэ пхъуэжа?

- Дэ Iэмал имыIэу топ дэдгъэкIын хуейт, абы кьыхэкIкIэ гъуащхьэуитI згъэджэгуащ.

- Сыт зэIущIэ нэужьым футболистхэм яжеIап?

- Сэ щIалэхэм яжеIащ: «Фи гум щIэмыгъэхэ, сэ тэмэму фызмыгъэхьэзыраУэ араш».

МЭЗКУУ Къанщобнй.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖъэкIэмыхьу Мариндж** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Мариндж** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Къардэн Маритэ, Ныбжьк Таисэ, Хьэжыкъарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редакторыр нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ льэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ я1ыгъэмкIэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щIэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущапхэхэм ядолжьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пресмэхэмкIэ - 42-22-88; ерыджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущапхэм - 42-26-41; суратехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныпIэныгъэмкIэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щыпымкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхь Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Ленинымрэ и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыджIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редактору Хьэжыкъарэ Алик, корректорхэу Щоджэн Нинэ *(1,4-нэ нап.)*, Цей Заирэ *(2,3-нэ нап.)*. *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ:* ГъукIэл Рае, Мэзбахъуэ Анжелэ, *суратыщI* Бицу Жанэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IнэатIм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 10.125 ● Заказ №3746